ISSN 0132-9723

# МагӀарулай

6/2021



ГӀАДАМАЛ. МУГӀРУЛ. ДАГЪИСТАН

## БОЛЪИХЪ – РАХАТӀА

ГӀУМРУЯЛДАСА ЛЪУГЬА-БАХЪИН

## ГЬАЦӀУЛЪ ХӀЕ КАМУЛАРО...

САХЛЪИ

## НЕРВАБИ ЦӀУНЕ!

МАХЩЕЛ

## ДИР ГӀУМРУГИ КЕЧӀГИ КИДАГО ЦАДАХЪ


Цийи йис мубаракрай!
Баркула Цияб сон!
Барча цусса шин!
Цийи йис мубарак ибуру!
Сагаси дусличил!
Янгы йылыгъыз къутлу болсун!
С Новым годом!

## РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



# ГЬАЛДАЛЪУН ГIУМРУ КЪОКЪЛЪУЛАРО…

Нилъеца нахъа тана гIумруялъул цоги захIматаб ва хIалуцараб сон. Араб соналъул ахиралда нилъер ракI чIун букIана, гьал пашманал, тIибитIулеб унтиялда хурхарал лъугьа-бахъинал нахъа хутIилин ва нилъеда гьел ракIалде щвелин цо кидаялиго бихьараб хIинкъараб макъу гIадин. Амма, пайда щиб, гьедин ккечIо! Рагъул фронталдаса рачIунел баянал гIадин, щибаб къоялъ нилъеда рагIулел руго лъазабиял, гьеб хIинкъараб, тохлъукьего бачIунеб унтуца рачун унел гIадамазул. ГIемерал гIага-божарал, лъалел-хъвалел нилъецаги тIоритIана ахирияб сапаралъ.

Амма гIумру унеб буго цебе! ЧIаго буго нилъер божилъи гьелъул гIакъилал ва абадиял къанунazде; чIаго руго хьулал, бачIунеб сон гурхIел-рахIму бугеб лъикIаб букIинин; ахир къадги чIаго буго гьаб гIумруялде свин гьечIеб рокьи, кинаб гьеб батаниги.

ГIаммаб куцалда абуни, гIадамал гIажаибго божулел руго лъикIаб заман бачIиналда. ЛъикIго ургъани, Кащейил маргъадалъ гуребги – гIумру рукIкIадул рагIалда буго.

Сундаса жакъа нилъ рохулел? Кидаго гIадин нилъер лъималаздаса, лъималазул лъималаздаса, бакъалдаса, гIемеркьераб хасалихълъиялдаса, тIоцересел гIазул хIулабаздаса. Жеги нилъ рохула, гIумру гIуцIулел, жидерго ишаздалъун, гьунараздалъун гьеб берцин гьабулел, кьураб рагIиги гьабулеб ишги цо бугел, щолеб хайиралъухъ балагьун ругьунлъичIел лъикIал гIадамаздаса. Гьединал гIадамал къойидаса къойиде дагьлъулел ругин ккараб мехалда, мугъ чIвалеб бакI билараб гIадин лъугьунел руго. Амма цо-цо дандчIваяздаса хадуб гьеб божилъи цIидасан щулалъула.

Цодагьал церегIан ниж ун рукIана ГIахъуш районалъул Муги росулъе. Суратал гьаб номералда руго. Гьениб лъай-хъвай гьабуна цIакъ лъикIав чигун – Къурбанов АхIмад МухIамадсаидович. Цеве сураталрахъиялъул дарс кьолев вукIарав учитель, гьанже вуго росу рагIалда бугеб хъаравуллъиялъул си цIунун. Гьес жиндаго сверун гIуцIцIун бугеб дунялалъ гIажаиблъизаруна. Ишги цохIо гьес гIуцIараб музеялъулъ яги этноцентралъулъ гуро букIараб, гIажаибаб хинлъигун ва рокьигун бицунеб букIана гьес жидер тарихалъул ва ракIчIчIун абизе кIола, гьелъул интерес киназего букIунедухъ. Хасго лъималазе. БатIияб дунялаладаса бачIараб гIадаб гьеб сурат рагIалде бахъараблъун лъугьинабуна, гьес рокъобеги бачун, рукъги гьабун хьихьараб лъукъараб хIажиланкъланкъалъ…

***Хириял журнал цIалулел! Биччан те ЦIияб сон рохелгун рещтIине, сахлъигун бачIине. Дунялалда букIине биччан те рекъел, нужер рукъзабахъ талихI, лъималазул рельулеб гьаракь… Баркула ЦIияб сон!***

**НАИДА КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


**БАГIАР МАЧУЯЗДА ЧИЛЛАЙГИ УГЬУН... .................6**




ГьечIо ГIайишатил автор гьечIел кучIдулги бакънали. Цо-цо гьанжесел кочIохъабаз гIадин, рагIаби магIарул ругониги, магIна кин-щибали бичIчIуларел чIандаял, цIекIал жалги ахIуларо гьелъ. ГIайшатил репертуаралда руго халкъиял, Расул ХIамзатовасул, ГIайшат Малачиевалъул, МухIамад ГIисаевасул, Залпа МухIамадрасуловалъул рагIабазда ахIулел кучIдул.


**«ЦIАЛИЧIОГО ГIОЛАРЕБ!» ..... 11**




МахIачхъалаялъул бищунго цIар бугеб N I3 школалда цIалулеб мехалдаго Мара йикIана «франтихалъун». Школалъул форма гьелъие, киназего гIадин, «Детский мир» тукадаса босулароан, букъулаан. Гьелда лъалаан МахIачхъалаялъул киналго берцинал руччаби. – Доб заманаялъ МахIачхъалаялда бищун берцинай чIужугIаданлъун инфакалъул декан Рэма Сергеевна Мелик-ХIусейнова рикIкIунаан, – илан бицана гьелъ.


**БОРХАЛЪИ…… .........................26**




Улкаги дунялги ракълилаб гIумруялде руссиндал, ахир-къадги мурадалде щвана ГIунейзат. Гьей Москваялда аспиранturалде цIализе лъугьана. Амма гьеб букIана институт лъугIун кIиго сон индал, ун йикIана росасеги гьабун букIана лъимерги.


**МУГИЯЛДЕ САПАР...................34**




Баа йиго печалда квалквадилей.
- КваначIого нужеца гьаниса гали бахъуларо, - ян абуна гьелъ. Хехго лъугIизеян, нижги журана гьелъие кумекалъе. Хабар-кIалалда картошкаялдасаги ражиялдасаги хъал бахъана, хинкIазе жо хIадурана. БагIарал кIаркьабазул Бааца бицана доярkалъун хIалтIулей 35 сон бугила, лъабго лъималги ругила. КIиго васги цо ясги. Гьелги Россиялда ругила. Цо-цо рокъореги рачIунила, гьаниб хIалтIи гьечIольиялъ, тIадруссунги унила…



# ТАРИХГИ ТАРИХЧИГИ. ЭЛЬМИРА ТIАЛХIАТ

Исана юбилей кIодо гьабула, Российялъул машгьурай тарихчIужу, Кавказалъул тарихалъул специалист, тарихиял гIелмабазул доктор, ДНИЦ РАНалъул историялъул, археологиялъул ва этнографиялъул институталъул Дагъистаналъул отделалъул нухмалъулей, Дагъистаналъул мустахIикъай гIелмияй хIаракатчIужу Эльмира МуртазагIалиевна ТIалхIатица.

Эльмиралгун лъай-хъвай ккедал, тIоцебе гIажаиблъизарула гьелъул берцинаб ва гIолохъанаб гьаракьалъ! Гьелдасан бичIчIула, тарихиял лъугьабахъиназул рахъалъ бечедаб, гIагараб Дагъистаналъул хIакъалъулъ гьелъ цIалулел лекциял гIенеккизеги гьира балеллъун рукIунеллъи.

Дие йин абуни гьелдаса Дагъистаналъул тарих гуро рагIизе къваригIун букIараб. Дида бихьула Эльмирал, гIагараб ракьалде, гьелъул гьунартIокIал, лъикIал ва захIмат бокьулел гIадамазде, махщел-устарлъиялде бугеб рокьи.

Гьелъ шавкъалда бицуна магIарулазул гIумру-яшавалъул, рукIа-рахъиналъул, иш-пишаялъул хIакъалъулъ: гьале свакарал квераз ханжу буцулей гIадан. Хехго ва бигьаго печалде тIаде уна гьелъул панкъ. Гьале харил магьгун бачIунеб хIама. Гьале хъандироги рачлихъ къазабун, ахIулаго кечIгун, хариде унел мусудул. Гьезул улбузги цересел умумузги гьабулаан гьебго хIалтIиги, ахIулаан гьединалго кучIдулги…

Гьединал гIадатиял ва ричIчIулел сипатаздалъун Дагъистаналъул тарих рагьизе ва цебечIезабизе бажари ккола кIудияб гьунар ва гьелде рокьи! ГIемерал соназ бикьулеб буго жиндирго рокьиги лъайги Эльмира ТIалхIатица студентазе, цIалдолезе, гIелмияб дунялалъе. Ахирал соназда гьей тIаделъун йиго XIX гIасруялда дагъистаналъул шагьаразул букIараб хIал лъазабизе. Гьединго гьелъ нухмалъула аспирантал хIадуриялъеги, консультациял гьарула докторантазе, спецкурс цIилъула ДГУ ялъул историказе ва востоковедазе. Тарих лъазабиялъул ишалъулъ лъураб кIудияб бутIаялъухъ ва ракIбацIцIадаб захIматалъухъ гьелъие щвана «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай гIелмияй хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIар. Кьуна гьелъие Дагъистаналъул ХIукуматалъул рахъалдасан хIурматияб грамотаги ва гьединго гIелмияб рахъалдасан Дагъистаналъул Президентасул гранталъул конкурсазда бергьиналъул дипломги.

Эльмира МуртазагIалиевна нижехь гьоболлъухъ йикIана ва нижеца гьелъие чанго суалги кьуна.

**- Сунца мун тIамурай гIумруялда тарихчIужуялъул нух тIаса бищизе – хъизаналъищ, яги цоги гIиллаялъищ ккараб гьедин?**

– Сергохъалаялда школалда цIалулеб мехалда дие рокьулаан тарихалъулги литератураялъулги дарсал,

лъикIал ккана учительзабиги. ГIурус мацI ва литература кьолаан Марьям Шариповна МухIамадовалъ, тарих малъулаан Запир ГIазизович ГIазизовас. Гьез бижизабуна дилъ гуманитариял предметазде рокьи. Эбел-инсул букIана лъикIаб, гIурусазул ва европаялъул классиказул тIахьазул, библиотека. Амма дие гьебги гIолеб букIинчIо, гIемерал цIалулаан библиотекаялдаса росун тIахьал. Эбел-инсуе ургъел букIана гьединаб цIалдеялъ дир школалда цIалиялъе квал-квал ккелилан ва толароан къоялъ 50 тIанчидаса цIикъун художественнияб текст цIализе.

Школа дица лъугIизабуна I968 соналъ, гIарцулаб медальгун ва цебе чIана цIализе кие иней абураб суал?. Эмен, МуртазагIали ГIалибегович ТIалхIатие бокьун букIана дун тохтурлъун яхъине. Гьел нижер тухумалда дагьал гьечIо. Амма дие медицина къабуллъичIо. Дирго имгIал ГIабдурагьим ТIалхIатил «Революциялъул цIадулъ» абураб тIехь цIалун хадуб къасд ккана тарих тIаса бищизе. Гьеб букIана Урахи росдал революциялда цебесеб гIумруялъул бицараб тIехь. Живго имгIал ГIабдурагьим вукIана лъикIав хабарчи, гъваридго лъалаан гьесда Дагъистаналъул тарихги, лъикI рагьизеги рагьулаан гьеб. Гьес рахъ ккуна дир тарихчIужулъун яхъине бугеб гьираялъул.

I968 соналъго цIализе лъугьана ДГУялъул истфакалде. Конкурс букIана I2 чиясул ва бигьаго букIинчIо жанире рорчIизе. Амма дун йорчIана. Гьенирги дие мугIалимзаби лъикIал ккана – Дагъистаналъул тарихалъул патриарх Р. М. МухIамадов, некIсияб тарих рекIехъе лъалей В. П. Дзагурова, гьираялда гIенеккуледухъ лекциял цIалулев М. Р. Раджабов, профессор Н. П. Эмиров, В. П. Егорова, Ф. З. Феодаева, Ш. Б. Арчилаев ва цогидалги.

ЦIали дица гьираялда гьабулеб букIана. Гьелде тIаде жеги жамгIияб хIаракатчилъиги гьабулаан. Университеталъул гIумру битIахъе «гьалделеб» букIана доб заманалда – щибаб факультеталъ хIадур гьабулаан концерт, спортивиял къецал рукIунаан, риидал унаан консервал гьарулел заводазда хIалтIизе, хасалихъе ритIулаан цIибил бакIаризе.

Ункъо курс лъугIидал дунги жеги кIиго студенталги ритIана хадусеб цIали Ленинградалъул университеталда гьабизе. Гьеб дица лъугIизабуна багIараб дипломалда, гьенибго щвана Ленгосуниверситеталъул истфакалда цебесеб аспирантуралде лъугьине рекомендацияги. Аспирантура лъугIун гьенибго цIунана кандидаталъул диссертация. Тема букIана Дагъистаналъул революциялда цебесеб тарихалда хурхараб. Гьелдаса хадуй, I978 соналъ дун хIалтIизе йосана тарихалъул, мацIазул ва литератураялъул институталде. 2000 соналъ цIунана докторлъиялъул диссертацияги, гьебго революциялда цебесеб заманалда рекьарухъабазул букIараб гIумруялъул темаялда. ГIелмияб академиялда хIалтIиялда цадахъ, захIматал 90 абилел соназда дарсал кьуна МахIачхъалаялъул №22 школалдаги, хадур университеталдаги, яхъана профессорлъун.

Академиялдаги дун хIалтIизе ккана жал гIемеразда рагIарал ва лъалел кавказ лъазабулел – В. Г. ХIажиев, М. А. Агъларов, С. Ш. ХIажиева, А. Р. ШихсагIидов, Г. Г. ГIусманов, Г. Ш. Каймаразов, М. О. ГIусманов гIадинал гIалимзабигун. Гьезги гьезул хIалтIабазги кумек гьабуна дун гIалимчIужулъун гIезе.

**- Суратазул галереялда тарих. – Кинал ругел дур, тарихалда лъалкI тараздагьоркьор, рокьулел гIадамал?**

- Дица гьединазда гьоркьов рехселаан Кавказалда вукIарав Россиялъул наместник граф Илларион Воронцов – Дашков. Гьев НикIалай кIиабилес наместниклъун тана I905 соналъ. Заман букIана рахIат гьечIеб, амма бажари бугев гIуцIарухъан хIисабалда, гьесухъа бажарана гьаниб гIадлу-низам букIинабизе. Гьес хIурмат гьабулаан бакIалъул гIадамазулги, гIемераб хIаракатчилъиги бихьизабуна Кавказалда, хасго Дагъистаналда экономика ва культура цебетIезабиялъе. Гьеб заманалда тIагIинабун букIана дагъистаналъул рекьарухъаби жидерго феодалазда райги. Кавказалъулаз гьесулги гьабулеб букIана хIурмат. Цо гьеса цадахъ хIалтIарав кавказалъулас графасе гьадинаб къимат кьун букIана: «Гьев вуго веццун лъугIуларев чи: берцинавги гIакъилавги, бищунго



гIажаибаб жо, гьединав бечедав чи, гIолохъанай яс гIадин нечаравги сабуравги»!

Цоги цебесеб заманалъул гIадамазда гьоркьов ватIа гьавизе бокьила МухIамад МухIамадович ТIалхIат. Гьев кколаан дагъистаналда тIоцевесев профессионалияв тохтур. ТIадегIанаб лъай гьесие щвана XIX гIасруялъул 70 соназда Германиялда. ГIурусазул тIоцебесеб революциялъул соназда гьес къватIире риччана «Вести Кавказ» ва «Голос Кавказа» абурал, либералиялгун демократиялъулал газетал. I9I2 соналъ М. М. ТIалхIат вищун вукIана Дагъистаналдаса Россиялъул Пачалихъалъул IV абилеб Думаялде. МухIамадил жигарчилъиялдалъун I9I3 соналъ Думаялъ къабул гьабуна 70 азарго векьарухъанасе эркенлъи кьеялъул хIакъалъулъ законопроектги.

Нилъер заманалъул машгьурал гIадамазда гьоркьоса дица ватIа гьавилаан 90 соназда ва гьаб гIасруялъул байбихьуда Дагъистаналъул Пачалихъалъулаб Советалъул председательлъун вукIарав МухIамадгIали МухIамадович МухIамадов. Гьесул гIакъиллъиялъ цIунана доб заманалда Дагъистан гьвалмагьиралде ккезе биччачIого.

Гьединго, дица бахIарзаллъун рикIкIуна каронавирусалдаса гIадамал сах гьарулаго жидерго сахлъиги гIумруги кьурал, тохтуралги. Гьезие бараб памятникги дагъистаниязул бахIарчилъиялъухъ баркала ккола.



**- МугIрул руччабазул образ цебеги гьанжеги? Ахираб анцIго соналда жаниб кинаб хиса-баси ккараб?**

- Цебе заманаялъ чIужугIаданалъул къисмат бигьаяб букIинчIо. Гьелъ тIубалаан рукъ, гIезарулаан лъимал, гьабулаан хур-хералъул хIалтIи, хьихьулаан гIи-боцIи, букъулаан ретIел ва гь. ц

XIX гIасруялда Дагъистаналде щварал тарихчагIаз абулаан гьаниб аслияб захIматалъул къуватлъун руччаби ругилан. Хадусеб, советияб заманалда руччабазул ахIвал-хIал дагь-дагьккун лъикIаб рахъалдехун хисулеб букIана. Гьезие рес щвана лъай босизе, хъулухъалда хIалтIизе, жамгIиял ишазда жалго рихьизаризе. Гьелъул ихтиярал цIунулаан законалъ.

Ахираб 20 – 30 соналда жаниб ахIвал-хIал хисана, ва абизе кIоларо гьеб лъикIаб рахъалдехун хисулеб бугилан. Руго, ясал светскияб школалда цIализе кколарилан рикIкIунелги, лъикIал профессиял руччабазе къваригIунарилан абулелги, умумул. ХIакъикъаталда цIигьабулеб буго кIи-кIи ва цIикIкIун лъади бихьиназ рачиналъул гIадат. Дир хIисабалда гьеб ккола Дагъистан нахъехун унеб букIин. Хисулеб буго руччабазул хIалги, гьез гIумруялда кколеб бакIги, гьездехун балагьиги. ГIемерисел дагъистаналъул руччаби хутIулел руго гIицIго рукъ тIубалелллъун, цогидал ишал гьезие хIажалъуларилан ракIалде кколеб буго. Амма гIемерисел дагъистанияз жеги ясазе лъайги кьола профессияги балагьула. Гьединал рукIуна лъидаго рачIел ва жалго жидецаго тIуралелллъун…

**- Дагъистаналъул хаслъи бищунго лъикI сундулъ бихьулеб? Культураялъулъищ, гIадатазулъищ, устарлъиялъулъищ, гIадамазулъищ? Гьеб хаслъи гьанжеги цIунунги бугищ?**

- Дагъистан, дир хIисабалда, ккола Россиялда бищунго мацIал гIемераб, жиндирго хасаб хIалалъулаб регион. ГIадада гуро хIуригат бахъилалде цебе заманаялъ Дагъистаналда «Кавказалъул мастерская» абулеб букIараб.

Ахираб кIиго соналъ Россиялъ Дагъистан цIидасан рагьана. Туристал гIажаиблъула нилъер гIадаталги, гьобол хиралъиги, гьудуллъи кквейги, рекIел рагьиги, захIматалде рокьиги бихьун. Гьедин киналъго лъугьинабулеб буго Дагъистан хасаблъун, жиндирго гIадаталги махщелалги цIунараблъун.

**- Гьанже кинаб хIалалда бугеб гIелму? Дудаго кин гьеб бихьулеб?**

- Жакъасеб Россиялда гIелму гIемерго нахъе ккана СССРалъул заманалда букIаралдаса. 90 абилел ва «нолазул» соназда гIелмияб цIех-рехалъул иш улкаялда кIалагъоркье ккун букIана. ГIалимзабазе кьолел харжал рукIана гIодорегIанал, гьединлъидал гьел хIажаталлъун кколаан, цогидал ишалги тIаде росун, бетIербахъи гьабизе. Мисалалъе, дунги 90 абилел соназда I0 соналъ школалда дарсал кьолей йикIана.

Заман букIана гIелмуялда тIад улкаялъул гIаммаб буголъиялъул цо процент хвезабулебги. ЦеретIурал улкабаздайин абуни гьелъие хвезабула лъабго процент. Гьанже иш дагьаб рукIалиде бачIунеб гIадин буго. Борхизабуна гIалимзабазе щолеб мухь. ХIалбихьулеб буго, США ялда гIадин, гIелмуги тIадегIанаб цIалул заведениязда бухьинабизе. Цебе монографиял хъвай лъикIабилан рикIкIунеб букIун батани, гьанже къватIисел журналазда (индексациялъул гIуцIиялда гьоркьоре унел) макъалал рахъи цебегIан ккола.

**– Дурго хъизаналъул ва гIагарлъиялъул хIакъалъулги бице.**

- Дун гьаюна миллатал журараб хъизаналда: эмен – даргияв ТIалхIат МуртазагIали ГIалибегович, эбел – гIурусай Болоткина Евгения Тимофеевна. Гьезул лъай-хъвай ккун буго ГIахъуша росулъ школалда учительзабилъун хIалтIулаго. Хадур, I958 соналъ гочун руго Сергохъалаялде. Гьенив эмен хIалтIулев вукIана педучилищеялъул директорлъун, эбелалъ малъулаан химия. Дир руго кIиго гьитIинал яцал Наида ва Лиана, кIиялго гьел ккола врачал. Наида хIалтIулей йиго МахIачхъалаялъул поликлиникалда заведующаялъун, Лиана хIалтIулей йиго Тула областалда.

Дир лъимерлъи талихIаб букIана: эбел-инсул тIалабагъазги, тIоцебесеб классалдаса анцIабилелде щвезегIан гьалмагълъи гьабурал Жаннагун Розаги, рокьулел тIахьалги, пионеразул цIаялги, тIабигIаталде рахъиналги, школалъул волейболалъул командалда гьоркьор хIаялги, КВНалда гIахьаллъиги ва школалъул вечералги – гIемер ракIалде щола.

**– Эльмира МуртазагIалиевна, журналалъул цIалдолезе щиб гьарилеб дуца?**

– Сундасаго цебе сахлъи, ракIалъеги черхалъеги! Гьединго – лъазабе нужерго гIагараб бакIалъул, тухумалъул ва росдал тарих. ХIал бихье нужерго умумул – кIудада ва кIодоэбелалдаса. Кин гьез гIумру гьабулеб букIараб, щиб гьезие рахIат бахъи гьабулеб жо букIараб, сунца гьел рохизарулел рукIарал, сунда тIад релъанхъулел рукIарал ва сунца гIодизарулел рукIарал. Щибаб хъизаналъулги батула жиндирго тарих ва гьелъул бухьен къотIуларо хадусел гIелазулгунги. РакIалде щвезабе гьеб, гьабе хъвай-хъвагIай ва те лъималазе. Гьезги тIаде жубан цебеса цебе кьезе ва хъизаналъул гIадатлъун батизе

**Гара-чIвари гьабуна**
**Сулгият БУЛГАЕВАЛЪ**

# ХIалтIухъан цIунцIра



**Бицинищ нужеего, дидаги гьединго бицунеб рагIараб, кIудияб гIакълу жаниб бугеб, гьитIинаб хабар? ГIенеккеха…**

БукIанила… букIанила… букIараблъи хIакъаб жо бугила цо аваданаб ва кутакалда хIалтIизе бокьулеб ЦIунцIра.

Гьеб букIанила кутакалда жиндиего бокьулеб хIалтIуда, цо фирмаялда. Фирмаялъул генералияв директорги букIанила Кьужна. ХъахIлъи балалде бахъун бачIунаанила ЦIунцIра хIалтIизе ва канлъи къотIичIого рокъобе унароанила. ТIубараб къоялъ хIалтIулаанила аб, ахIулаго кечIгун, гьабулаго махсаро-хочIгун, ва киданиги алъул гьурмадаса гьимиги тIагIунароанила. Гьедин гъираялда гьабулеб хIалтIи цебетIечIого букIине ресго гьечIелъул, гьазул фирмаги букIанила киназдасаго цебетIун, тIегьалеб.

Цо къоялъ, аб нилъер генералияб хIаким, фирмаялъул нухмалъулеб - Кьужнаялда ракIалде кканила, гьадигIан тохго жиб букIине бегьиларилан. ГьададигIан гъираялда щиб хIалтIи гьабулеб аб ЦIунцIра бугебали бихьизе ва хадуб халкквезе босанила хIалтIуде ТоццоохIутI. ТIаде балагьун цIодораб гIадаб жоги бугоанила аб тоццок…

Жиндаго тIад къараб жавабияб хIалтIи рагIа-ракъанде щвезе, ТоццоохIутIалъ ЦIунцIраялдаса щибаб къойил гьабулеб хIалтIул отчет тIалаб гьабунила. ХIалтIи битIун цебе бильлъине ккани, щибаб тIамулеб галулги гьабулеб хIалтIулги паланги отчетги букIине кколиланги малъанила.

Гьанже гьел отчетал, дов генералияв хIакимасухъе кьелалде, даптаралда хъвазе, сияхIал гьаризе ва чIараб низамалде ккезаризе ТоцIоохIутIалъе къваригIанила секретарь. ЦIакъ чIара-хьараб низамалда нуси речулеб жоги бугилан, босула хIалтIуде Нусиреч. Гьаракьмухъги роцIцIараб батун, телефоналъе жаваб кьеянги гьелдаго тIад къанила.

Щиб гьабулел тIадчагIи рукIаниги, ЦIунцIра букIанила хIалтIилеб, хIалтIилеб, хIалтIилеб…

Гьеб заманалда… Кьужнаялъ кутакалда рази гьечIолъи загьир гьабунила ТоццоохIутIалъул отчетаздаса ва тIадеги цIиял отчетал кьеян кьварун лъазабунила. ЦIунцIрадул хIалтIул батIи-батIиял рахъал рихьизарурал отчетал кьейилан ахIданила… Кинабго рухI кьунищ гьеб хIалтIулеб бугеб, яги цодагьаб жиндиегойищ толеб бугебали баян кьеян лъазабунила. ТIадеги хIалтIи тIад къан, хIалбихьиял гьарун, гьелъулги отчетал хъвазарун, къадикванил заманаялги хIалтIизабуни, отчетазда кинаб хиса-баси кколеб бугебали бихьизабеян, остолалда зар кьабун, чIабар бухун, хIаладаса ун лъугьанила Кьужна.

Гьанже чIухIараб ТоццоохIутIалъе къваригIанила цойги кумекчи – Зам. Замлъун босанила, тохлъукьего чирахъ бакигун бекерулеб куцги хIисабалде босун, тири-гъирияб гIадаб жо бугилан, Таракан. Замас жиб компьютерги, принтерги, сканерги, степлерги, календарги гьечIого хIалтIулариланги лъазабун, гьеб кинабгоги босизе кканила фирмаялъул бюджеталда тIасан.

Къо бахъанагIан ЦIунцIраялъе захIмалъизе лъугьанила, хIалтIуе квал-квал гурони, кумек гьечIел отчеталги, собраниялги, совещаниялги, хIакимзабазул ахIи-хIурги. Аб гъарималъул кечI-бакъанги къотIанила, гьурмадаса гьимиги гIодобехун даланила.

Гьанже, цо хис-бас гьабичIого жо кколареблъи бичIичIараб Къужнаялъ, ЦIунцIра хIалтIулеб бакI тIубараб департаменталде сверизабунила. Начални-кI гьечIеб департамент букIунарелъул, бачун ГарцI тIамунила начальникIлъунги. ГарцIалъги чIухIизабун жиндирго кабинет къачIанила, Италиялдаса бачIинабун мебель лъунила, дунялалда ратанщинал, жиндаго сундуе хIалтIизарулелали лъаларелгицин, техникаялъул алатал чIезарунила.

Доб цебе букIараб гIадаб дангъва гьанже ЦIунцIрадул гьурмада букIинчIила, хIалтIуде гъираги букIинчIила, бахъараб щцидаца цогидав чиясда кIалъазе кIолеб хIалги букIинчIила…

Цо роцIцIараб къоялъ, иргадулал отчетазде къулараб Кьужнаялда бичIчIанила, ЦIунцIра хIалтIулеб департаменталъул пайда дагьлъун букIин ва цебе гIадинаб рентабелност гьелъул гьечIеблъи.

РогьинегIан кьижичIого, гIемееераб жоялъул пикруги гьабун, департаменталъе диагностика гьабизе Кьужнаялъ ахIанила консультант-гIакълучи Руз.

Сордо-къо гьоркьоб биччачIого, лъабго моцIалъ азул отчеталги гелун, Рузалъ хIукму къотIанила, департаменталда цIакъ гIемерал хIалтIухъаби ругилан ва Кьужнаялъ приказ хъванила депортаменталъул штатал къокъ гьаризейилан.

Бищун цебе гьел нахъе рехулезул списокалде кканила нилъер ЦIунцIра, бищунго хIалтIудаса рази гьечIеб ва гIарзагъунеб хIалтIухъан хIисабалда.

Гьеле, босун рахъа!

Пикру гьабуразда бичIчIила.

**БАХУ МУХIИДИНОВА**

# БАГІАР МАЧУЯЗДА ЧИЛЛАЙГИ УГЬУН...



МагІарул халкъияб кечI.

Унго-унголъунги, гьелъул гъанситохъ гьоболлъи байдал, кIочон тола кинабго пашманлъи-къварилъи. Гьелда цадахъ угьдула, гьелда цадахъ гIодула, рекIее захIмалъараб гьелда бицуна ва ахиралдаги гьебгун елъула-йоххула. Лъиеха гьабулареб гьединаб асар магIарул мацIалда ахIулеб хIасратаб кечIалъ?! Гьединал лахIзатаз рохьахъ чундузулгицин рахIат лъутулеб батила, лъарал-гIоралги, гьездаго цадахъ мугIрулги гIанлъун, гьезул каранда жидерго лъалкIалги толаго, чвахун унел иццалгицин паналъун, сихIкъотIун чIолел ратила. МагIарул кочIоде гурищ ургъел бикьулеб гIищкъул цIаялъ рухIулезги, рокьул асирлъуде ккаразги, анищалъул тIугьдул речIаразги, хьулазул хьухьакье гьел ккаразги. Гьеб кечIалъухъе гурищ рекерулел анищ тIубанилан рохел бицинеги. БахIарчиял васал-ясазул бахIарчиял ишазул хIакъалъулъги бицуна гьеб кечIалъ нилъее, йокьулелъул гордухъги гIодула гьеб, мугIрул чIужугIаданалъул намусалъул тIогьиб байрахълъунги парпадула гьеб, цинги гIаздалал мугIрузул тIогьазда, пахруял цIумазда цадахъго тIавапги гьабула гьелъ. Гьеле гьединаб къуват буго даимлъиялде жиндир тарих араб магIарул кочIол. Гьеб кечI майилан нилъехъе кьола кочIохъабаз.

Гьединаздаса цояй ккола хундерил булбул ГIайшат Тажудинова.

Щал гьел рукIаниги, кочIохъанасул, ялъуни кочIохъаналъул цIар рехсолеб рагIарабго, нилъеда церечIола жалго гьел махщелчагIиги, хIисаб гьабула гьез гьаракь биччалеб куцалъулги, бакъан тIамулеб къагIидаялъулги. Гьелдаго цадахъ рекIелъе лъугьуна, яги лъугьунаро гьезул «церерахъиналъул асарги».

- АхIулеб буго ГIайшат Тажудиновалъ, - ан абулеб рагIарабго, гьеб асар цин рекIелъеги лъугьун, цинги щибаб бидурихьалъулъеги ун, унго-унголъунги би гьалдезабула. ЦIумур бан чилулеб бацIцIадаб иццул гIадаб роцIараб гьаракьалда гьелъ халкъиял яги цогидал кучIдул ахIулеб рагIараб мехалда, битIахъего черхалда гъаргъар базабула. Цебе тIамула гIадатияб магIарул росдал сипат-суратги, гьениб жидерго хIалалаб, бацIцIадаб гIумру гьабулел гIадатиял гIадамалги, гьенире рачунел кIичI-кIичIарал сухъмахъалги, дора рорхатал мугIрузда тIад тIавап гьабулел чIухIарал цIумалги…

ГIайшатил кочIолъ гIенеккаразда батула цо анищаб гIадатлъиги, гIаданлъиги, гIумруги, гIадамал рокьизе, гьеб рокьи цIунизе балеб ахIиги, яхI-намус борхатго ккеян гьабулеб гьариги.

ГIайшат Тажудиновалъул гьитIинаб мехалдаго бижана кечI-бакъаналде рокьи. Мунагьал чураяв инсуца тIамурги хъван бакъан тIамулелъул, битIахъе хIухьел ккун гIенеккулаан гьей. Хадуб гьебго бакъанги рагIабиги гIисинккун такрар гьарулаан ГIайшатица. Школалда байбихьул классазда йигеб мехалъго цIалдохъабазул церерахъиназда гIахьаллъулаан гьей. Гьебго школалда цIалулей заманалда, клубалда цееги яхъун, кечI-бакъаналъул тIоцебесеб экзамен росуцоязе кьуна Тажудиновалъ. Хадубго Хунзахъ культураялъул кIалгIаялда районалъул гIолохъанал кочIохъабазул церерахъиналда бихьизабуна гьелъ жиндирго махщалил хаслъи, гьунаралъул тIокIлъи. Гьеле гьениб, балагьаразул гуребги, кечI-бакъан лъикIго лъалел, хIалбихьи бугел гIадамазулги тIадегIанаб

къиматалъе, жиндир махщалида рекъарал берцинал рагIабазе мустахIикълъана гIун ячIуней кочIохъан.

Гьедин цо хIокIидаса цогияб хIокIиде яхунаго, гIезегIан щулияб, жий цогидал кочIохъабаздаса ятIа яхъулеб, цо батIияб кунчIиялъул, цIилъиялъул си бана ГIайшат Тажудиновалъ. Гьелъул цIар цебего рагIана магIарулазда ва гьанже лъикI лъала Дагъистаналдаго.

ГIайшат хIалтIана Авар театралдаги. ГьабсагIаталда хIалтIулей йиго Хунзахъ районалъул культураялъул кIалгIаялъуб. Гьей ккола «Сарир» ансамблялъул солистка. ГIайшат жиндирго хIасратаб, хIайранаб, хIикматаб кечIгун гIемер цее яхъуна магIарул районаздаги, МахIачхъалаялдаги ва цоги-цоги бакIазда гьарулел кочIохъабазул дандеруссиназдаги. Ва щиб бакIалда, кинал сценабазда, щал махщелчагIигун цее яхъаниги, гьелъие щола кечI-бакъан бокьулезул, гьеб бичIчIулезул унго-унгояб баркала, къабул гьаюла гьей адаб-хIурматалда, унго-унгояй магIарулай гIадин. АхIулеб кочIол магIнаялъул берцинлъи гуребги, ГIайшатица цIунула сценаялъулаб культураги. БукIунаро гьелъул, балагьулезда берцин йихьизелъун гьабулеб, гьанжесел гIемерисел кочIохъабазе хасиятаб, кIичIардиги. РетIа-къайги букIуна магIарул чIужугIаданалда рекъараб. Лъала ГIайишатида, балагьулезда йихьарагIизе гурей, сценаялде кечI ахIизе яхъун йикIинги, гьеб гIенеккараз къабул гьабулеблъиги.

ГьечIо ГIайишатил автор гьечIел кучIдулги бакъналги. Цо-цо гьанжесел кочIохъабаз гIадин, рагIаби магIарул ругониги, магIна кин-щибали бичIчIуларел чIандаял, цIекIал жалги ахIуларо гьелъ. ГIайшатил репертуаралда руго халкъиял, Расул ХIамзатовасул, ГIайшат Малачиевалъул, МухIамад ГIисаевасул, Залпа МухIамадрасуловалъул рагIабазда ахIулел кучIдул. АхIула халкъиял бакъназдаги. Гьединго рагIабазде дандеккезарун тIаса рищула Майиндур ТIалхIатовасул, Каримула ГIабдулаевасул, АхIмад ГIамирхановасул бакъналги.

ГIайшат Тажудиновалъ гIахьаллъи гьабуна республикаялдаги гьеб бахун къватIибехунги тIоритIулел гIемерал халгьабиязда, конкурсазда, фестивалазда. Гьей кидаго цее яхъунаан Шамилхъалаялда тIобитIулеб букIараб «Шамилил хвалчен» байрамалда, «Чвахе, кечI» абураб ва цогидалги кочIохъабазул халгьабиязда. ГIайшат гIахьаллъана ХъахIабросулъа МахIмудил байрамалда, Цовкраялда букIараб «Палугьан» фестивалалда, Культураялъул министерствоялъ тIобитIараб «МугIрузул гьаракь» конкурсалда, «Эбелалъул берал», «МагIарулал» абурал ва цогидалги халгьабиязда. Киб бакIалда цее яхъаниги, гьей балагьаразги гIенеккаразги къабул гьаюна ва гьаюла анищай гьобол гIадин, гьунар-махщел камилай, киназего гIагарай кочIохъан гIадин. Кий цее яхъаниги, гьелъие щвана тIоцебесеб даражаялъул дипломал ва шапакъатал.

Жиндирго махщел-гьунар ГIайшатица бихьизабуна республика тун къватIибехунги. Гьей гIахьаллъана Чебоксариялда, Майкопалда, Элистаялда ва Россиялъул цогидал шагьаразда ва регионазда тIоритIарал кочIолал байрамазда. Исана ГIайшат гIахьаллъана Гъуниб росулъ Муи ХIасановалъул премиялъе магIарул халкъияб кочIол байрамалда. Гьениб кочIохъаналъ ккуна тIоцебесеб бакI. Бергьенлъаби гIемерал руго Тажудиновалъул. Гьединал рохалил дандеруссиназда щварал грамотабазги дипломазги бечед гьабун буго кочIохъаналъул шапакъатал жанир лъураб папка.

Амма рагIуларо нилъеда щибаб соналъ МахIачхъалаялъул чIухIарал концертазул залазда хасал сардалги тIоритIун ГIайишатица нилъ гIорцIизегIан ахIулел кучIдул. Гьелъие къваригIуна мугъчIвазе чагIиги чIахIиял харжал гьаризе шагьи-параги. ГIайшат Тажудиновалъул гьел гьечIо. Гьей йиго цохIо жиндирго бажариялъ лъазаюрай, жиндирго хIаракаталъ гьунар камиллъарай кочIохъан. ГIайшат йиго гьанже гIемерал кочIохъабазда кIочон тараб чIагояб гьаракьалъ (фонограмма гьечIого) кечI ахIизе кIолей махщелчIужу.

Жиндир гьунар-махщелалъе нилъ киналго мукIурав Дагъистаналъул халкъияв артист МухIамад-ТIамир Синдикъовас гьадинаб къимат кьолеб буго гьелъул махщелалъе:

- ГIайшат Тажудинова ккола магIарул кочIохъабазул бищунго тIокIазул, гьунар бугезул цояй, фонограммаялда гуреб, чIагояб гьаракьалдалъун бокьарав кочIохъанасде данде къец бан бажарулей, кIудияб махщелалъул кочIохъан.

ГIайшатил махщалие къимат кьурал макъалаби хъвана батIи-батIияб заманалда МухIамад ГIисаевас, МухIамад ПатахIовас, ПатIимат ГьитIиновалъ ва цогидазги.

ГIайшатие кьуна Дагъистаналъул мустахIикъай артистка абураб хIурматияб цIарги. Гьей мустахIикъай йиго жеги-жеги тIадегIанал цIаразеги, цоги-цоги шапакъатазеги. Жалго жидецаго реццулаго кенчIолел, женколел гIадамал гурони рихьулареб нилъер заманалда, ГIайшатги гьелъул гьунарги рагIдукь хутIун бугин абизе бегьула. Гьелъни абула халкъалъ къабул гьаюлей кочIохъанлъун йикIиналдаса кIудияб шапакъат щиб жиндие букIинебилан.

ГIайшат Тажудинова. Гьеб цIар рагIарабго, цIабуцIуна черх. Гьелъ гьаракь биччаялда цадахъго тIадюссуна къисматалда маржаналлъун кунчIун хутIарал гIолилллъиялъул анищазухъе.

ЦIидасанги рагIулеб буго йокьулей кочIохъаналъул роцIараб, зобалги ракьалги инагьдизарулеб, гьоцIогIан гьуинаб гьаракь:

- БагIар мачуязда чиллайги угьун…

ЦIакъго гвангъарал лъалкIал толел руго ГIайшат Тажудиновалъ магIарул кочIолаб маданияталда. Гьел ине руго даимлъиялде, рачIунел гIелазе магIарул кочIоде бугеб кIудияб рокьиги цIунун.

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**

*ГIабасил МухIамад*

# *ЦIияб сон*

Бачlуна цIияб сон, уна цояб сон,
Санайил тIегь бала дир ВатIаналда.
Гвангъула щвараб сон, ссуна араб сон,
Амма нур сунаро дир улкаялда.

ЦIияб сон бачIараб байрам баркизе
Буго хъахIаб дарай дир мугIруз ретIун,
Рохалил паразникI кIодо гьабизе
Гьулимаргъал буго гъутIбузда гъалун.

ГIедерал гIоразда, гIодоб чIчIайилан,
ГIарац биччан буго рагIаллъабазде.
Гъамиларал рохьахъ, хIохь бахъейилан,
Хъупил бусай руго рехун хъархъазде.

Инсан, сон анагIан унин дур гIумру,
ГIемер щай воххулев дун цIияб соналъ?
ГIадан херлъиялъе щоларин дару,
Щай чIухIун лъугьунев дун гьаб байрамалъ?

ГIумрудул сон унан щай къварилъилел,
РекIел анищазде гIагарлъулелъул!
Херлъулел ругилан кин пашманлъилел,
Пахруго тараб нух халалъулелъул!





Цlар рагlарав тумазул хъвадарухъан, поэт, литератор, филологиял гlелмабазул доктор Абачара Хlусейнаев гьавуна l92l соналъ рекьарухъабазул хъизаналда. Гъумухъалда гьоркьохъеб школаги лъугlизабун, Орджоникинзеялъул рагъулаб училищеялде цlализе лъугьана ва l94l соналъ, кlудияв лейтенантасул чиналда фронталде ана. Гьеб заманалде l9 сон барав Абачара, «Цlадулъ манарша» абураб гьитlинаб тlехьги къватlибе биччарав, гlадамазда лъикlго лъалев шагlир вукlана.
Рагъдаса хадуб, МГУялъул бакъбаккул мацlазул Институтги лъугlизабун, гьев тlадвуссана Дагъистаналде. Гlемерал саназ хlалтlана Гlелмияб Академиялъул дагъистаналъул филиалалда тарихалъул, мацlазул ва адабияталъул Институталда, ва хlалтlана дагъистаналъул, хасго тумазул литератураялда тlад.
Абачара Хlусейнаев вуго гlемерал рагlарал, цо–цоял халкъияллъунцин лъугьарал, кучlдузул автор. Гьесул Москваялда гlурусалдеги буссинабун бахъараб «Бадрижат» кьиса бестселлерлъун лъугьана.

Абачара АВАДЗИ

# РОКЬИГИ КЬАЛГИ

Москваялъул университеталда цlалулел гlадал берцинал ясал тlокlал кирниги ратиларилан рикlкlуна дица. Щибай кlиабилей унгоги къираласул яс! Хасго филфакалда. Гьенир дандчlвазе рес буго гlурусай, гуржияй, полякай, китаяй, бокьараб дунялалъул халкъалъул бищун берцинал ясал. Гlадада абулеб батиларо тумаз «Зодоб бугеб – гьеб хlинчl, аскlоб бугеб – гьеб гlанкlу», – йилан. Диеги дидаго аскlой цlалулей цохlого цохlо йигей тумалдаса, батlиял миллатазул ясал рекlее гlолел рукlана. Ниж лекциялде коммунистическияб аудиториялде жанире лъугьунаго гьениса къватlире лъугьун рачlинел рукlана батlияб группаялъул ясал. Гьезда цадахъ дир ракьцояй Миясатги йикlана.

– Унго долъул берцинлъи! Бохдузулги чlурканлъи!, – йилан абуна дидаса рикlкlад гьечlев цо дида лъаларев гlурус васас, жиндирго гьудуласдехунги къинкlун.

– Гьадай гъалалхалатищ? Йигизеги цlакъ берцинай йиго. Дой я гуржияй яги черкесай ятизе йиго, – ян жаваб кьуна гьудулас. «Пакъирзаби! Берцин йихьарай ясго йихьулищ!», – илан ракlалде ккана дида.

Цо нухалъ дирго гьудул украинаялдаса Тарасгун общежитиялъул коридор чlван рачlинел рукlана ниж. Гьеб заманаялъ хьагги кодоб ккун жиндирго комнатаялдаса къватlие ячlана Миясат.

– Рачlинел ругищ, – илан нижедаги абун, гьей богорокъое ана.

– Гьай дур ракьцояй йигилан ккола, ян абуна Тарасица.

– Йигоха,

– Берцинай яс йиго. Дуца кумек гьабиларищ дие гьелъулгун лъай–хъвай гьабизе?.

– Хlалбихьилаха, ян разилъана дун.

Тарас вукlана ворхатав берцинав вас. Чlахlиял гlурччинал беразул ва меседил кьераб расалъул гьев ясазе вокьулев тайпа вукlана. Мисалалъе, дида лъалаан гьев физикаялъул факултеталде вачlун моцl иналде, нижер филологал–ясаз гьесул хlакъалъулъ



цIех–рех гьабураблъи. РакI чIун букIана Миясатиеги гьеб рекIее гIеялда.

Хадусеб къоялъго дун Миясатихъе вилъана. Ригьнал иш рекъезабизе дун лъикIав вукIинчIев къагIидаха, Миясатица дун кIалъазего виччачIо.

– Гьесие баркалаги кье, тIокIав гьединал харбалгун дихъеги вачIунге.

Щибха дицаги гьабилеб?! Абунаха Тарасида, гьеб букIунареб жо бугин, гьелъул рухIгIан вокьулев абуравги вугилан.

– ЛъикI гьечIоха. Дун лъикIав дурц вукIинаан нужее, – йилан абуна Тарасица пашманаб гьаракьалъ ва живгоги гьелда божанилан ккана.

Заман унеб букIна. Дида бичIчIана Миясат гIемеразе рекIее гIолей йикIин. Чангияз бикьана диде жидерго рекIел хIал гьей сабаблъун.

Цо къоялъ дун библиотекаялда цIалделев вукIана. Дир мадугьалас гIинде шурана:

– Гьадасухъ валагье, мохмохалъухъ кето гIадин валагьун вугев!

Миясат йикIана бетIер тIаде борхичIого цIалделей. Рокьул цIурал бералгун гьелъухъ валагьун вугоан азербайджанав Самед. Миясат ана. Гьелдаго хадув ана Самедги. Хадуб, щибдай ккелебали лъазе бокьиялъ, гьезда хадурго нижги рилъана. Гьей метроялде жание инегIан гьелда хадувго–хадув вукIана Самед. Щибаб къойил рагIад гIадин гьелда хадув вукIунаан гьев. Кий Миясат якканиги, хадувго Самедги ваккулаан.

Цо нухалъ дунги Миясатги рукIана Строминкаялда букIараб общежитиялъул коридоралда рахъун чIун.

– Дие диаматалъе ункъилаб гурищ ккараб, МахIмуд, – илан абуна гьелъ. Я школалада, я институталда жеги щуйил гуреб ккечIей чIужу йикIана гьей.

– ВахI. ЛъикI гьечIоха. Щиб ккараб?

– Дида лъикI лъаларeб немецкиялъегIаги ккун букIарабани, гьадигIан квеш букIинароан. Диде ракI чучулей гьейги, гьелъул ракI гIодобе биччазабулев дунги рукIаго, нижеда аскIосан ана Хурахи росулъа дир гьудул. Гьев юристазул факультеталда цIалулев вукIана. «КигIан лъикIаб букIинеб букIараб дир гьудулги Миясатги данделъанияң», пикру бачIана дир ботIролъе, щаялиго. Амузгар вукIана аваданав, киназего вокьулев, кьурдизеги цIакъав вас.

– Яризаве! Вихьизецин вокьуларо дие дур Амузгар! – илан жиндирго берцинал кIутIби кIичIизаруна Миясатица.

– Дуца бицунеб щиб?! Нечоларищ мун! КисагIаги дулъ гьебгощинаб гIадамасде ццин? – ян дир цIакъ ццин бахъана.

– ТIаса лъугьа. Бокьуларо гьесул жиндасаго разияб гьумер. Гьесул рокьукълъиялъ, дидаго лъачIого кьвагьун ана рагIаби.

– Сунца дуе гьев гьеб хIалалъ рихарав? Гьев кьурдулеб мехалъ цониги ясалда кIоларо гьесда тIаса бер босизе. Гьев аскIов вугеб мехалъ киназего кепги букIуна.

– Чи рихарав мехалъ гьес гьабулеб щинабги рихунеб батилаха.

– Гьеб лъикI гьечIо.

Гьелдаса нахъе кидал дандчIваниги нижер хабар Амузгарил хIакъалъулъги кколаан. Миясатида цIияб гIунгутIи бихьун батулаан гьесулъ.

МоцI ана дунги Миясатги дандчIвачIого. Риидалил сессияги щвана тIаде. Дирги Амузгарилги госэкзаменал рукIана цере, хIалтIизе ритIулеб бакIги чIезабун букIана, Миясатил лъабабилеб курс лъугIулеб букIана.

Цо къоялъ Миясатица дун общежитиялъул коридоралде ахIана.

– КигIан хIалихьатав чиха вукIун вугев дур Амузгар! Гьес дун хIакъир гьаюна!

Миясат дихъ гьев дир вац вугев ва дица гьей хIакъир гьавизе витIарав гIадин ялагьун йикIана. ХIалица ккун букIана дица ццидахин. «Судалде кьеха!», – йилан бокьун букIана абизе.

БукIаниги, щибго гьечIеб гIадин, дица гьикъана:

– ЩибгIаги гьес гьабураб?

– Гьев дида хадув лъугьун вуго.

– Щай?

– Киса кибего дида тIасан гарагадулев вуго.

– Щибилан?

– Бихьинчицин гуро гьев!

Дир цIакъго ццин бахъана ва гьей гогьай яс гIодой юссинайизе кколин ккана.

– Дида ракIалде кколеб букIахъе, гьеб дуца бицунебги чIанда буго, дур гьесухъ гьалагаб рокьиги ккун буго, – ян абуна дица, гьей тIубанго гIодой юссинайизейилан.

– Гьанжелъагӏан гьеб бичӏчӏула-рогойищ вукӏине ккелев вукӏарав!, – илан гӏод–гӏодун биччан тана гьелъ. Гьанже щиб гьабилеб? Сверу–хъве-рун ругелги лъугьана нижехъ ра-лагьизе, щибдай алъие ккарабилан рукӏун ратилаха. Дунги нечон холев вукӏана.

– Гьа, гӏела. Ургъел гьабуге. Дун ваккила гьесухъе. Кӏалъа–ралъай гьабила. Щиб гьабилебали ургъила. Дуда лъала гури магӏарулалъ жин-дирго асаралда квелъ базе кколеблъи, чӏолохъжоялда гӏадин… Кӏвараб хӏалалъ гьей гӏодое йиччазаюна дица.

Доб сордоялъ Амузгар кватӏун вачӏана. Гьав вачӏинегӏан валагьунги чӏун, дица гьев коридоралде ахӏана.

– Кватӏун дур рахӏат хвезабунилан тӏасаги лъугьа…

–Бигьаяб жо. Дун гьадинги цудунго кьижуларо.

– Дида лъала мун чӏухӏарав чи гьечӏевлъи, дица бицунебги битӏун бичӏчӏилеблъи. Нус–нус васал жин-дихъ инагьдулей цо яс рагӏула муни-лан холей. Щиб нилъеца гьабилеб?

– Бице.

Дир щаклъиго букӏинчӏо, гьеб жиндир талихӏалда божуларого лъугьиналда ва кутакалда вохизе вукӏиналда.

– Дица Миясатил бицунеб буго! – йилан абуна дица, месед–гӏарцул устарасда хъарпуз гӏанасеб алмаз бихьулеб бугев чияс гӏадин.

–Гӏенеккея, дир гьудул. Театралияб институталда цӏалулей йиго цо яс. Хьитал рагьана дир гьелда хадув лъугьун. Хӏалица мукӏур гьаюна цо–кӏиго рагӏи абизениги дандчӏвазе. Метер дие инкарги гьабун, чӏухӏи-ялъ, киноартисткалъун яхъине гьелъ хӏукму гьабуни, дун хвана.

Дун хӏадур вукӏана гӏодов речӏчӏун хвезе. Дида кколеб бакӏана дир гьу-мер росдал хьаг гӏадин багӏарлъун бугилан. Цоцазда тӏаса лъугьаянги абун ниж ратӏалъана.

Гьеб сордоялъ дица бер данде бачинчӏо…

**Тумазул мацӏалдаса буссинабуна**
**Качар ХӀУСЕЙНАЕВАЛЪ**



# «ЦӀАЛИЧӀОГО ГӀОЛАРЕБ!»

Гьедин хъвала гьанжесел журналистазги бло-геразги, жидеца хъвараб жоялде цӀалдолезул кӀвар буссинелъун. Бахчиларо, дирги буго гьебго мурад!

«МагӀарулай» журналалъул редакциялда, кодоб гьуинаб чайдал истаканги ккун, жиндир гӀумру-ялъул, хъизаналъул, ишазул хӀакъалъулъ нижее бицана ва суалазе жавабал кьуна Мариян МухӀамадова – Чалабовалъ. Гьелъухъ гӀенеккун, лъана нижеда машгьурал проектазул кура-торлъунги гӀуцӀарухъанлъунги, издательлъунги йикӀун цо гӀаданалъухъа кин бажарулебали ва кин гьей искусствоялде гьоркьое ккараяли.

Мариян гьаюна ДАССРалъул Лак районалъул Читтур росулъ. Гьелъул эбел Магижамал МухIамадовна йикIана байбихьул классазул мугIалим, эмен – Ибрагьим ИсмагIиловичас малъулаан математика. Сураталги рахъулаан. Гьес школалда гьабураб хIалтIиялъул ва лъималаздехун букIараб кIудияб рокьиялъул хIакъалъулъ гьанжеги бицуна росуцояз.

Чалабовазул лъикIаб тарбияги лъайги щварал руго щуялго лъимал: Дилара Перм областалъул Кизел шагьаралда школалъул завучлъун хIалтIана, Иосифги педагог вукIана, Руслан – физика-ялгун математикиял гIелмабазул кандидат Москваялда вуго, Низами – отставкаялда МВДялъул подполковник.

Цо нухалъ Мариянида рокъоб, тIахьазда гьоркьоб батана Бенуал, кIудияб, «искусствоялъул тарих» абураб, инсуца саламатаб багьаги кьун босараб, тIехь. Гьенир ругел суратазухъ ялагьун сагIталги ралаан ясалъ. Гьедин байбихьана искусствоялде рокьи ва гьеб гIумруялъ цIунунги хутIана.

Амма эбел-инсуца хIукму гьабуна жидер хъизаналда медик вукIине ккелилан ва бищун кIудияй Мариян медучилищалде цIализе лъугьана. Гьеб лъугIизабун хадуй лъугьана, жиндиего бокьун букIараб, ДГУялъул къватIисел мацIазул факультеталде. Эбел – инсул анищ тIубазабуна Иринаца, гьей ккола тIадегIанаб категориялъул тохтур.

Росасеги Мара (гьедин абулаан гьелда гIага-божараз) хирург Марат МухIамадовасе ана. Гьезул рукIана кIиго лъимал ва талихIаб гIумру. Амма талихI халатаб батичIо, квешаб унтиялъ гьев гьелъухъа вахъун ана.

Мариян Ибрагьимовна чIухIула жиндир лъималаздаса. Гьелъул вас Марат хIалтIулев вуго Адлералда бугеб КРИО-медцентралда уролог-андрологлъун, яс Диана – тохтур-биопсихолог.

Жиндирго лъимерлъи ракIалде щвезабулаго Мариянница бицана, рагъ лъугIун хадув жидер эмен МахIачхъалаялде обкомпартиялъул пропагандаялъул отделалда хIалтIизе вачанилан.



- Дие цIакъ бокьулаан обкомалъул мина. Гьеб букIана Марковасул ва Горькиясул къватIал цолъулеб бакIалда. Гьенир балконазда гьоркь гьарурал атлантазул кверазги мугжузги асар гьабулаан дие. Гьеб букIана тIоцебесеб архитектураялъул классицизмалъулгун ккараб лъай-хъвай.

РакIалда буго, цо нухалъ, жеги лъабго сон бачIей дун эменгун цадахъ гьесул гьалмагъасухъе гьоболлъухъ ун рукIана. Жанисан рукъ бугоан берцинаб. Хасго рекIее гIун рукIана гьенир рукIарал батIи-батIиял рухIчIаголъабазул чиякIаби. Хадур ниж чай гьекъезе гIодор чIана. Столалда ругоан конфетал ва чакар жанибе барал вазаби. Гьай-гьай, дица гьезде квер бегьана. Инсуца нахъе цIалеб бихьун, гьесул гьалмагъас, вазаги цебе ккун, дида абуна: «Босе, гьитIич, дуе бокьараб конфета», - ян. Дида гIумруялъ ракIалда хутIана гьесул хъахIилал берал. Гьелдаса гIемерал соналги ун, музеялде хIалтIизе ячIиндал дида дандчIвана директор Дауд Кажлаев ва рихьаралго ракIалде щвана дол хъахIилал берал.

Школалда цIалулеб мехалъ, ДАССРалъул Верховный Советалъул депутат Галя-ункъачогун Москваялда Третьяковкаялде щведал дун дунялалъулго искусствоялъ хIайранлъизаюна. Гьелдаса хадур дица данде гьарулаан дидаго гьеб музеялда рихьарал суратазул репродукциял рахьарал открыткаби.

Цоги дир ункъачо – Зина цIалулей йикIана Москваялда ва гьелъие кутакалда бокьулаан театр. Жинда рихьанщинал спектаклязул программкаби рачIунаан гьелъ ва гьездасан дидаги лъалаан Москваялъул театралги, гьенир лъолел спектаклялги, хIалел артисталги. Зинал мадугьалихъ вукIана машгьурав композитор Сергей Агабабов. Дида гьев вихьаравго лъана – гьев ГъумухъеI вачIун вукIана нижер хоралъул запись гьабизе. Дир инсудаги лъикI лъалел рукIана гьев, Готфрид ХIасанов, Сейфулла Керимов, цогидалги. Доб Бенуал тIехь инсуца художник Муэддин Джамалие сайгъат гьабуна. Нагагьаб балагьалдалъун эмен ватIалъаралдаса гIемерал сонал аниги, дида дандчIвала гьев лъалев вукIарал ва гьесул хIурмат гьабулел гIадамал.

МахIачхъалаялъул бищунго цIар бугеб №13 школалда цIалулеб мехалдаго Мара йикIана «франтихалъун». Школалъул форма гьелъие, киназего гIадин, «Детский мир» тукадаса босулароан, букъулаан. Гьелда лъалаан МахIачхъалаялъул киналго берцинал руччаби. – Доб заманаялъ МахIачхъалаялда бищун берцинай чIужугIаданлъун инфакалъул декан Рэма Сергеевна Мелик-ХIусейнова рикIкIунаан, – илан бицана гьелъ.

– «Рэма гIадай берцинай» – ян ясалда абуни, гьеб букIана кIудияб комплимент. Доб заманалда къачIа-кIатIарал руччаби гIемерал рукIунароан. Дида гIемер ракIалде ячIуна гьезул цояй – тохтур – гинеколог Калерия Келаберия. Гьей йикIана нижее ретIа-къаялъул къагIидалъул мисаллъун. Ниж, ясал, гьелъухъ ралагьун ругьунлъулаан нижедаго хадуб хъулухъ гьабизе ва къачIа-кIатIазе.

Искусствоведалъул хIалтIи тIаса бищиялъе Марияние лъимерлъиялъул хIалбихьи батана кумекалъе.

Гьединго гьей ккола рагIарал проектазул нухмалъулейги. Миса-

лалъе, «Кавказалъул стиль» абураб модалъул фестиваль, «Меседил гІуж» – изобразительнияб искусствоялъул цебелъей, «Азамат» абураб Дагъистаналъул гІолохъанал художниказул цебелъей. Гьелъ жигараб гІахьаллъи гьабуна Дербент шагьар юбилеялде къачІаялъулъ, гІемерал соназ гьей хІалтІулей йиго дагъистаналъул культураялъул министерствоялда цебесеб РДНТялда.

Мариян Ибрагьимовналъ абухъе, ахирал соназда Дагъистан рикІкІине лъугьун буго спортсменазул къебелъилъун. Амма, гьездалъун гуребги, Дагъистан бечедаб буго художниказдалъун, композитораздалъун, музыкантаздалъун, дизайнераздалъун, модельераздалъун. Рехсани: Наталья Савельева, Апанди МухІамадов, Сиядат Муртузова ва гь.ц.. Жийго Марияние хирияб буго академизм ва гьелъ ратІа гьарула Альберт Хаджаевасул хІалтІаби.

90 абилел соназдаго байбихьана МахІачхъалаялда творчествоялъулаб чІаголъи. Доб заманалда чІахІиял художниказ рахъ ккуна ва кумек гьабуна гІемерал гІолохъанал авторазул гьунаралъе ва проектазе. Гьел рукІана, тІадехун рехсарал «Меседил гІуж», «Азамат», «Кавказалъул стиль» ва цогидалги, Мариян Чалабовалъ жигараб гІахьаллъи гьабурал тадбирал.

Дие абуни хас гьабун бицине бокьун буго, гьелъул хІаракатчилъиялда баккараб, «Кавказалъул стиль» абураб, художникал-модельеразул конкурс-фестивалалъул хІакъалъулъ. Гьеб байбихьана І996 соналъ ва бачІинахъего лъугьана, цебехун киданиги Дагъистаналда ва Северияб Кавказалда букІинчІеб гІадаб, модаялъул байрамлъун. Гьелъ художникал-модельеразе рес кьуна жидерго бажари-гьунар бихьизабизе.

Ахирисеб «Кавказалъул стиль» фестивалалда гІахьаллъи гьабуна Россиялъул машгьурав модельер Вячеслав Зайцевас. Гьес абуна моделал рукІанила цІакъго гвангъарал ва тІадегІанаб махщалида ургъарал. Гьединабго къимат кьуна жюриялъул членазги.

- Нижер конкурс ккана Северияб Кавказалъулго культурияб гІумруялъулъ кІудияб бакІ ккураб тадбирлъун. Гьелдаса хадур цІаргІана гьанже жал машгьурал модельеразул: Шамхал ГІалиханов ва Вера Агошкина, Мунижат ХІасанова ва Загьрат ХІажиева. Чанго соналда жаниб жюриялда цересан ана профессионалал - мугІалимзабаз ва гьезул студентаз гІуцІараб 36 коллекция. Гьез гьел моделал рихьизаруна «ГІурусазул силуэт» ва «Би – фэшн» конкурсазда, - ян бицана Мариян МухІамадова-Чалабовалъ ва мухІкан гьабуна «ГІурусазул силуэт» кколила регионалияб тадбиралъул тІаса бищараб тур, гьеб тІобитІулила Москваялда. «Кавказалъул стиль» абуни бугила гІицІго Дагъистаналда ургъараб ва лъалеб проект.

– ТІадегІанаб мода буго улкабиги континенталги цолъизарулеб искусство. Гьел фестивалазда Северияб Кавказалдаса художникал – модельерал гІахьаллъи ккола гьудуллъиялъул бухьенал щулалъиялъе ва культура бечелъиялъе гьабулеб квербакъи, Кавказ дунялалдаго рагІизаби. Нижеца Кавказ, нилъер лъикІал ва берцинал гІадаталгун, бажари-гьунар бугел гІадамалгун, дунялалъе рагьана жеги дол рикІкІадал 90 абилел соназдаго, - ян абуна Мариян Чалабовалъ, – «Кавказалъул стиль» цІигьабизе буго. ГІемерал руго кумек гьабун гІезаризе ккарал гІолохъанал художникал-модельерал…

Искусствоведениялъул кандидат, ДГУялъул культураялъул факультеталъул актеразул махщел цебетІезабиялъул кафедраялъул доцент Мариян Ибрагьимовналъ жигаралда гьабулеб буго искусствоведческияб хІалтІи. Гьелъ хъван басмаялда бахъун буго чанго тарихиябги искусство лъазабиялъулги тІехь. Гьезда гьоркьоб «Тумал. Маданият, тарих, гІадатал» - абурабги. ХІадур гьарун руго гІолохъанал авторазул церелъеязе буклетал, кватІичІого къватІибе бачІине буго, Муэддин Джемалил творчествоялъул хІакъалъулъ З. АхІмадовалъгун цадахъ хъвараб тІехь.

***Жеги гІемерал лъикІал ишал гьаризе, цІиял проектал гІуцІцІизе, тІахьал хъвазе ракІалда буго Мариян Чалабовалда. Гьарула гьелъие сахлъиги икъбалги.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**





*Болъихъ районалъул БетIерасул заместитель Лабазанов АхIмад Раджабовичас ниж разиго къабул гьаруна. ГIолохъанав вукIаниги, гьесул гIумруялде бугеб жигараб ва ракIчIараб пикруялъухъ, кIудияб адабалъе мустахIикъавлъун вихьана.*

# БОЛЪИХЪ – РАХАТIА

Бихьарабгlан гlажаиблъизарула дагъистаналъул тlабигlаталъул берцинлъиялъ! БатIаго асар гьабула кьер-кьераб месед тIаде биччарал мугIруз, гьарщ-гьарщарал махил гъутIбузул тIогьилал хIораз, бакI-бакIалдасан раккарал накIкIил гъутIбузул гIурччинал чIинкIиллъабаз. Хаслихъе магIарухъе нух – кечI буго!

Нухал гьечIел кьураби, кьварарал парсал, рикIкIада рихьулел гIазул мугIрул, нилъее лъимги, канлъиги, хинлъиги кьолел гьалагал гIорал, гьарзаго батIи-батIиял тIагIамазул пихъил цIурал ахал… Кинал гIадамалха гьадинаб бакIалда гIумру гьабун рукIунел?!.

Кьварарал, бахIарчиял, аваданал, гьобол-гьудул хириял, ккаралъур ратулел… У гьеле гьединал руго магIарулал!



*Халкъалда гьоркьосеб терроризмалде данде къеркьараб халкъияб ополчениялъе, бахIарчиял рагъухъаби-интернационалистазе бараб гIарасалде цере. 2019 соналъ гьеб рагьиялъулъ гIахьаллъана В.В.Путин. Монументалъул автор ккола поэт, скульптор ва композитор Хизри Асадулаев.*

Балъхъадерица сундалъунха ниж гIажаиблъизарурал? Гьезул хIалтIизе ва щиб букIаниги гIуцIцIизе бугеб гьираялъ. Гьезул рекIел гIатIилъиялъ ва сахаватлъиялъ! Гьезул аваданлъиялъ ва хинлъиялъ!

Ниж дандчIвана культураялъул ва лъайкьеялъул отделазул хIалтIухъабигун, авар мацIалъул мугIалимзабигун, женсоветгун, телевидениялъул чагIигун, гIадатиял балъхъалгун... ГIемерал суалазе щвана жавабал. Аслияб: гьезулги гьезул лъималазулги заман



*РахатIаса Хадижат ГIалиева, кигIан захIматаб гIумруялъул ахIвал-хIалалде кканиги, къуркьичIо, ва кинабго лъикI букIине букIиналда божулей йикIана. Гьелъул хIакъалъулъ нилъеца жеги бицина. ХIайранлъун гьелъухъ гIенеккун рукIаго, рельъялда цадахъ, чанги ракI гIодулел лахIзаталги рукIана…*

гьечIо кколарел жалазде руссун рукIине, гьел цо чIечIого хIалтIилел, гIуцIцIарилел руго. ИншаАллагь щвела мурадалде, тIурала анищал. Болъихъ районалъул гIадамал, свак лъачIого, хIалтIилел руго жалго гIураб ракьалда ва щибаб къойил къеркьелел руго жидедаго сверухълъи, росу, район, Дагъистан, Россия лъикIлъизабизе, берцинлъизабизе, кIодо гьабизе!

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА, Сулгият БУЛГАЕВА, Баху МУХIИДИНОВА**



*Гьадинаб берцинаб бакIалде рачана ниж районалъул женсоветалъул председатель Дамаданова СалихIат Насрулаевналъ (квегIиса).*




*Болъихъ районалъул руччабазул активгун ракIжубараб хабаралда.*



*Гьай РахатIаса Загьра Закарьяева йиго. Балагье цо гьимиялъухъ. Цадахъго гьимизе бачIуна. Кинал махщалилал кверalха гьелъул ругел, кигIан гIемер берцинлъи гьез гIуцIцIараб... Азбаралъур гьарурал ччугIби гIезарулел гъуязул къадаздаса байбихьун, рукъалъул къадада гьабураб панноялде гIунтIун, Загьрал меседил квераз, гIурул ханазул кумекалдалъун, къачIан руго.*



*Бищунго берцинал ва хинал рагIабазе мустахIикъай йиго РахатIа школалъул авар мацIалъул мугIалим ПатIимат МухIамадзагьидова. Гьелъул баракаталдалъун гьабуна нижеца гьалгощинал лъикIал гIадамазулгун лъай-хъвай.*





# РагІикъотІ

**Суалазе жавабалги хъван, рагІикъотІалъул къотІалаби цІезаре. Лъугьарал рагІаби чанцІулго цІале. Гьезие данде кколел суратал рате.**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1) Гъ | | | | | | | |
| 2) Гъ | | | | | | | |
| 3) Гъ | | | | | | | |
| 4) Гъ | | | | | | | |
| 5) Гъ | | | | | | | |
| 6) Гъ | | | | | | | |








**Суалал**

1) Чурпа хулеб цІулал алат
2) ХІинчІ
3) Гьелда жаниб хазина цІунулаан
4) Гьелда жанисан кванала
5) Гьелъ гъутІбуздаса хІапара-хІутІ бищула
6) Гьеб ккола Дагъистаналъул гьитІинаб шагьар

*Жавабал*

*1) Гъуд* *2) Гъеду* *3) Гъамас* *4) Гъадаро* *5) ГъотІоркІо* *6) Гъизилюрт*

# РагІилъай




*Жаваб: гъуд-руз-щ-гъурущ. Гъурущ*

# Журнал в журнале



# ЧТО БУДЕТ МОДНЫМ В 2022 ГОДУ:



**Тенденции моды переменчивы и неоднозначны. Каждый год дизайнеров посещают интересные идеи, отражающиеся в коллекциях. Тренды 2022 года в одежде порадуют непринужденностью и отсутствием серьезных ограничений. Можно смело комбинировать кроссовки и платья, пиджак и спортивные штаны. Рассмотрим подробнее, что будет модным в 2022 году.**

Выглядеть стильно хотят все женщины, но получается это далеко не у всех. Чтобы создать модный наряд, большинство тратит на это много времени и средств. Стильные образы представляют собой продуманную схему, которая может включать в себя несколько вещей, гармонично сочетающихся друг с другом.

Для их создания недостаточно одних знаний о модных тенденциях текущего сезона. В первую очередь, важно уметь сочетать элементы одежды по цветам, фасону, ткани и другим параметрам. Отличительные черты образов 2022 года:

- утонченность;
- естественность;
- женственные кружева;
- минимализм.



## МОДА НА БРЮЧНЫЕ КОСТЮМЫ

Не так давно брючные костюмы носили только мужчины или офисные работники. Несколько лет назад все изменилось: они стали неотъемлемой частью гардероба всех женщин, вне зависимости от возраста и профессиональной деятельности.

Для создания нежного романтичного образа предпочтительнее одежда в пастельной палитре: популярны голубые, бежевые и серые оттенки. По классике для работы в офисе или деловых встреч можно выбрать сдержанный и лаконичный костюм в черном, белом или синем цвете.

Среди актуальных принтов – полоска и клетки. В теплое время года будут популярны костюмы с цветочным и растительным орнаментом, которые принесут нотку нежности и легкости.



## ТРЕНДЫ НА КОЖАНЫЕ КУРТКИ И ПЛАЩИ

В моде будут плащи, как с яркими, так и с нежными рисунками. Однотонные модели отходят на второй план. Фасоны при этом в тренде разные: приталенные, свободные, на запáх, удлиненные.

Женские кожаные куртки также поражают изобилием вариантов в новом сезоне. Они удивляют оригинальным кроем, дерзким сочетанием декора и фактур. Лидируют в списке самых популярных моделей косухи. Кроме них, актуальны авиаторы и кожанки в виде жакетов. Для самых дерзких дизайнеры предлагают модели с бахромой или множеством заклепок. В расцветках особые ограничения отсутствуют: выпускают черные, белые, красные, коричневые, бордовые и даже желтые кожаные куртки.

## КАКИЕ БРЮКИ БУДУТ МОДНЫМИ В 2022 ГОДУ?

В гардеробе каждой девушки, кроме джинсов, лосин и спортивных штанов, обязательно должны присутствовать брюки. Их разнообразие по стилю, оттенкам и фактурам в наступающем сезоне зашкаливает. Ключевая особенность – практичность и универсальность, благодаря чему удастся создавать интересные образы.

# ТРЕНДЫ ЖЕНСКОЙ ОДЕЖДЫ

## ТРЕНДЫ НА ЦВЕТ И ТКАНЬ

В моде весной и летом будут более глубокие оттенки, к примеру, насыщенный синий, аметистовый, бордовый и черный. Такую палитру выбрали большинство известных представителей моды.

Помимо цвета и фасона одежды, важно обращать внимание и на материал, из которого она сделана. Дизайнеры для пошива своих коллекций предпочитают текстуры, создающие мягкий женственный образ. Самые модные ткани 2022 года в одежде – шифон, атлас, бархат, деним. Они придадут образу лоск, а силуэту – изысканность.



## МОДНЫЕ ЮБКИ

Сложно представить гардероб девушки без юбок. Это неизменный атрибут, формирующий женский силуэт, корректирующий фигуру, создающий безупречный стиль. Тренд 2022 года в женской одежде – юбки-карандаши с разрезом. Среди других популярных фасонов и фактур отмечают: с ассиметричным запáхом, в стиле сафари, со складками, с ярким орнаментом.



## КАКУЮ ОБУВЬ ВЫБРАТЬ, ЧТОБЫ ОСТАВАТЬСЯ В ТРЕНДЕ?

Модные тенденции осенне-зимнего периода – ботильоны с бисером и камушками, сапоги-слаучи, высокие ботфорты. Их можно сочетать как с брюками, так и юбками. Девушки, которые ценят свободу и комфорт, могут носить кроссовки, слипы, оксфорды, лоферы или монки.



Настоящий тренд лета – босоножки на шнуровке (на плоском ходу). В моде будет и обувь с квадратным носом (босоножки или классические туфли). Их с легкостью удается сочетать со струящимися тканями.

Классический вариант на знойное лето – вьетнамки. Дизайнеры представляют ряд модных лаконичных вариантов, выполненных из экокожи.

## ТРЕНДОВЫЕ ЖЕНСКИЕ СВИТЕРА

Любовь к вязаным вещам хорошо просматривается в коллекциях 2022 года. Дизайнеры создают не только теплые, но и стильные образы. Вязаные свитера – тренды сезона «зима–весна» 2022 года. Их носят и на работу, и на встречу с друзьями. Помимо вязаных вещей, коллекции дизайнеров будут наполнены свитерами из трикотажа и ангоры.

Правильно подобранная модель будет гармонично сочетаться с кожаной юбкой – карандаш, джинсами и рядом других предметов гардероба. В тренде одежда (модели и фасоны) на любой вкус: свитера с аппликациями, с геометрическими принтами, кокетливые свитера с вырезами и прорезями, удлиненные и асимметричные свитера, стильные укороченные свитера, свитера с оригинальными повязками на шее, свитера «летучая мышь».





# До Нового года

Когда мы были маленькими, елки были –до потолка, в
в дом приходил самый настоящий
Теперь мы взрослые, и в наших силах подарить
Как подготовиться к празднику?

Важен не только сам праздник, но и подготовка к нему. Именно за неповторимую атмосферу волшебства и предвкушения чуда мы любим дни, предшествующие Новому году. Чтобы растянуть удовольствие, запланируйте на предновогоднюю неделю интересные занятия.

1. Очень настраивают на праздничный лад новогодние истории и сказки – читайте их вслух детям перед сном. Классические зимние сказки – это, конечно, «Снежная королева» Ганса Христиана Андерсена, «Щелкунчик и мышиный король» Гофмана, «Волшебная зима» Туве Янссон, «Зимние сказки» Сергея Козлова, «Двенадцать месяцев» Самуила Маршака, русская народная сказка «Морозко».

2. Нарядите дом вместе с ребенком – самодельными и покупными игрушками, огоньками и фонариками. Нарисуйте картинки витражными красками и наклейте их на стекло, вырежьте снежинки из салфеток или просто белых листов бумаги, из ваты скатайте снеговиков, промазанных клеем.

3. Привлеките ребенка к приготовлению праздничной выпечки. Самым маленьким можно поручить вырезание из теста фигурок специальными формочками и роспись печенья глазурью.

4. Сходите на зимний спектакль или устройте домашний кукольный театр.

5. Совершите добрый поступок. Под Новый год различные фонды проводят благотворительные акции, например, сбор подарков для пожилых людей или сирот. Предложите ребенку поучаствовать в этом. Такие добрые дела – тоже маленькое новогоднее чудо.



### *В ТОРЖЕСТВЕННЫЙ ДЕНЬ*

Каждая семья индивидуально решает вопрос, дожидаться ли полуночи с детьми, учитывая особенности последних. Но зачастую дети после трех-четырех лет уже жаждут не спать, ожидая волшебного появления подарков под елкой, – впрочем, иногда они не выдерживают и засыпают ближе к полуночи.

Дети после пяти лет в основном встречают Новый год со всей семьей за столом под бой курантов. Двухлетки могут отпраздновать «малый Новый год» в 10 вечера, а малышей до двух лет укладывайте спать в обычное время – они не обидятся! Для них Новый год будет днем.

Вот несколько идей, как порадовать ребенка в праздничный день.



1. Пригласите Деда Мороза. Если ребенку от трех до семи, то Деда Мороза звать определенно стоит. В таком возрасте дети еще верят в чудеса, при этом они уже достаточно взрослые, чтобы не бояться незнакомца с бородой. Особенно хорошо приглашать Деда Мороза в дом, где несколько детей (позовите друзей или соседей – будет веселее).

2. Запаситесь фейерверками, искусственным снегом, бенгальскими огнями, серпантином, конфетти и хлопушками, чтобы в нужный момент удивить ребенка.

### *ПОСЛЕ ПРАЗДНИКА*

**Несколько советов, как продлить удовольствие после Нового года:**

1. Не дарите все подарки сразу. Дозируйте сюрпризы, что-то приберегите на январские каникулы – ребенок и так полон впечатлений: елки, фейерверки, гости, маскарадные костюмы.

2. В пору зимних праздников на одного ребенка приходится фантастическое количество шоколада, леденцов, цитрусов. Чтобы не навредить здоровью, разделите сладкие подарки на части. Например, каждую конфету упаковывайте отдельно и прячьте ежедневно в разных местах: на елке, под подушкой, на подоконнике. Подпишите: «Съешь меня 10 января», «Съешь меня 1 февраля».

3. Сходите в гости и поздравьте родных. Пусть ребенок вручит им подарки, сделанные своими руками.

4. В зимние каникулы проводится множество мероприятий для детей. Елки, новогодние спектакли – все это можно отложить на послепраздничную неделю.

# «А Дед Мороз настоящий?»

стеклянных шариках отражались огоньки не умеющих мигать гирлянд,
Дед Мороз и приносил самые настоящие подарки.
Новый год нашим детям, чтобы он остался навсегда в их сердцах.
? Чем удивить и порадовать ребенка 31 декабря?



### ГДЕ РОДИЛСЯ ДЕД МОРОЗ?

Дети под Новый год видят Деда Мороза по телевизору, на улице, на открытках и картинках. Они принимают его существование безоговорочно. Про Деда Мороза складывают песенки и сказки, он фигурирует в первых новогодних праздниках. Малыши с замиранием сердца карабкаются на колени к статному великану с роскошной белой бородой и мешком с подарками. Они фотографируются с ним.

Как правило, дети 3–6 лет уверены в существовании Деда Мороза, ждут его, радуются ему, досадуют, если проспали его визит, а нашли только подарки и письмо. Но они станут ждать Деда Мороза в следующем году и ни за что не заснут!

### А БЫЛ ЛИ ДЕД МОРОЗ?

Как происходит с любым мифологическим существом, Дед Мороз подвергается скрупулезной экспертизе. Некоторые скептики из третьего класса в него не верят. Независимо от возраста ребенка родителям следует поменьше говорить и побольше слушать. Сначала дайте ребенку выговориться, рассказать о своих конфликтах с ровесниками, которые не верят в существование Деда Мороза. Задача родителей – задавать вопросы: «А что ты ответил? А как сам ты считаешь? Что было потом?» Не исключено, что ребенок не ищет ответа, а хочет вашего участия, поддержки, понимания. Не старайтесь давать ребенку информации больше, чем он искал. При этом, если ребенок настаивает на вашем ответе, постарайтесь участливо и неназойливо передать ему лидерство в этой дискуссии, а потом уже предложить свою версию. Любые фантазии ребенка имеют право на жизнь и достойны уважения. Чем старше ребенок, тем важнее ему услышать ваше мнение. Не старайтесь перевести разговор на другую тему или замять дискуссию.

### ЧТО ЖЕ СКАЗАТЬ?

Помните, что детям лгать нельзя. Им следует говорить только правду. Предлагаем родителям примерно такое объяснение. Деду Морозу столько же лет, сколько празднованию Нового года. Дед Мороз – это дух Нового года. Он живет в Великом Устюге, в своей резиденции, и появляется в нашем городе перед самым Новым годом. Он приносит в каждый дом чудо, радость и настоящий праздник. Настоящий он или придуманный? Тут все люди делятся на три группы. Одни считают, что Дед Мороз точно существует. Другие думают, что он вымышленный персонаж. Третьи не знают, настоящий Дед Мороз или придуманный. А какой версии будете придерживаться вы и, соответственно, ваш ребенок, решать только вам. Детям свойственно верить в чудеса, а праздник может потерять свое очарование, если вы твердо заявите, что Деда Мороза не существует. Да и есть ли у вас такая уверенность? Конечно, если ребенок 8 лет задает вам прямой вопрос про подарки, думаю, что нужно сказать правду: подарки готовят родители, но это отнюдь не значит, что Деда Мороза не существует!

### ПРОСТЫЕ СОВЕТЫ

1. Готовьтесь к Новому году сообща с ребенком.
2. Если малыш еще плохо пишет, помогите ему составить письмо Деду Морозу.
3. Воздержитесь от редактирования фантазии ребенка – станьте добрым слушателем.
4. На вопросы про Деда Мороза старайтесь сначала предложить ребенку рассказать о его мыслях и фантазиях, попросите нарисовать новогоднюю картинку.
5. Не превращайте Деда Мороза в карателя: «Вот будешь скверно себя вести, Дед Мороз к тебе не придет».
6. На Новый год подарки полагаются всем независимо от поведения, успехов в школе или возраста ребенка.
7. Ребенку естественно верить в чудо. Если вы решили «раскрыть» ему глаза, делайте это как можно деликатнее.



Райское наслаждение

# И не надо печь!



## КЛУБНИЧНЫЙ ТОРТ С ОРЕХОВЫМ КОРЖОМ

**На 12 порций**

*Для коржа:*

- 125 г сливочного масла
- 75 г печенья с орехами
- 150 г бисквитного печенья
- 75 г молочной шоколадной глазури

*Для крема:*

- 12 г желатина
- 1 кг обезжиренного творога
- сок и тертая цедра 1 лимона
- 75 г сахарного песка
- 2 пакетика ванильного сахара
- 250 мл сливок
- 750 г клубники
- 1 ст. л. сахарной пудры
- 50 г пластинок фундука

### Корж

1. Растопить сливочное масло. Положить печенье и бисквиты в пакетик для замораживания и мелко покрошить. Перемешать со сливочным маслом. Положить массу в разъемную форму (диаметр 26 см), выстеленную бумагой для выпекания, и прижать ее. Охлаждать корж около 60 мин.

2. Измельчить шоколадную глазурь и расплавить ее на горячей водяной бане. Намазать на корж и дать застыть.

### Крем

Смазать жиром края разъемной формы и покрыть их бумагой для выпекания. Замочить желатин в воде. Перемешать творог, лимонный сок, цедру, сахарный песок и ванильный сахар. Распустить желатин и, вливая тонкой струей, подмешать его к массе. Как только крем начнет застывать, хорошо взбить сливки и подмешать их к крему. Равномерно нанести крем на корж.

### Завершение

Отложить несколько ягод для украшения, оставшиеся нарезать ломтиками. Выложить их на торт. Охлаждать 2 ч. Украсить оставшимися ягодами и посыпать сахарной пудрой. Посыпать края торта пластинками орехов.



## ГРУШЕВЫЙ ПИРОГ

- 6 небольших груш
- 8-10 ст. ложек соуса тоффи
- 300 г готового слоеного теста

1. Разогрейте духовку до 200°С. Груши нарежьте на четвертинки, удалите сердцевины, выложите в сковороду с антипригарным покрытием, залейте тоффи. Потушите на среднем огне около 5 минут – груши должны полностью покрыться соусом, а сам соус должен потемнеть.
2. Выложите груши вместе с тоффи в круглую форму с антипригарным покрытием, диаметром примерно 20,5 см. Груши равномерно распределите по форме кожицей вниз. Остужайте примерно 10 минут.
3. Раскатайте слоеное тесто в круг по размеру формы. Накройте груши тестом, прижмите и отрежьте излишки. Запекайте пирог 20-25 минут, до тех пор, пока тесто не поднимется и не станет золотистым.
4. Выньте форму с пирогом из духовки и дайте постоять 5 минут. Теперь накройте пирог тарелкой или круглой доской и переверните – груши должны оказаться сверху. Пирог подавайте теплым с шариком ванильного сливочного мороженого.

**Соус тоффи** приготовить очень просто. Растопите примерно 100 г сливочного масла со 100 г сахара в сотейнике с толстым дном. Соус должен быть однородным и гладким.

## МИНДАЛЬНЫЙ ПИРОГ С КОРИЦЕЙ



**На 12 порций**

- 250 г ядер миндаля
- 8 яиц
- 250 г сахарной пудры
- тертая цедра 1 лимона
- 1 щепотка корицы
- 1 пакетик ванильного сахара
- 2 ст. ложки сахарной пудры

1. Обдать миндаль кипятком, дать немного постоять, затем очистить от шелухи и обсушить. Смолоть ядра ореха.
2. Отделить белки от желтков. Перемешать сахарную пудру с желтками и смешать с миндалем, цедрой, корицей и ванильным сахаром. Хорошо взбить белки и подмешать к желтковой массе.
3. Смазать жиром разъемную форму (диаметр – 26 см) и посыпать ее сухарями. Выложить туда тесто и выпекать 50 мин при 180°С. Остудить пирог на решетке и, перед тем как подавать на стол, посыпать толстым слоем сахарной пудры.

## СЕКРЕТЫ САЛАТНОЙ ЗАПРАВКИ

Сделать домашнюю заправку очень просто, и она будет вкуснее и дешевле банальных майонезов и сметаны. Хорошая заправка может полностью изменить любой салат. Вот все, что вам нужно знать для приготовления отличной салатной заправки:

### СОБЛЮДАЙТЕ ПРОПОРЦИИ

Не забывайте, что в основе каждой заправки лежит 3 части растительного масла к 1 части уксуса или другой кислоты, например, лимонного сока. На этой основе можно экспериментировать с добавлением других ингредиентов.

### КАКОЙ УКСУС?

Бальзамический уксус. Отлично подходит к запеченным овощам.

Яблочный уксус. Особенно хорош в салатах, в которых есть фрукты.

Свежий цитрусовый сок. Лимонный сок. Прекрасно подходит для салата с зеленым салатом и пармезаном.

### КАКОЕ МАСЛО?

Кунжутное масло отлично походит для салатов с восточным уклоном, а также для тунца и курицы.

Оливковое масло используйте для фруктовых средиземноморских заправок. Оно намного ароматнее, чем подсолнечное масло.

### КАКИЕ ПРИПРАВЫ?

Для приятной чесночной заправки заверните половину головки чеснока в фольгу и запеките ее в духовке при 200°С в течение 20 мин. Добавьте мякоть в классическую заправку и оставьте на ночь, чтобы заправка настоялась.

Травы быстро и просто придают заправкам аромат. Мягкие травы, такие как петрушка, эстрагон или базилик, лучше таких жестких, как розмарин и тимьян. Свежий базилик идеален с помидорами, мята – в греческом салате, кориандр – с креветками.





## ОТКРЫТЫЙ ПИРОГ С ГРИБАМИ

**Ингредиенты**

- 450 г дрожжевого слоеного теста
- 300 г замороженных лесных грибов
- 300 г картофеля
- 1 луковица
- по 1 стручку красного и зеленого сладкого перца
- 3 ст. ложки растительного масла
- 100 мл сливок 20%-й жирности
- 2 яйца
- 100 г тертого сыра
- соль
- молотый черный перец

**Приготовление:**

1. Грибы варите в подсоленной воде 15 мин, затем откиньте на сито и дайте стечь жидкости. Крупные грибы нарежьте.
2. Картофель вымойте, очистите и нарежьте небольшими ломтиками. Лук очистите и нарежьте полукольцами. Сладкий перец вымойте, обсушите, каждый стручок разрежьте пополам, удалите сердцевину с семенами, мякоть нарежьте полосками.
3. В сковороде разогрейте растительное масло и обжарьте картофель до легкого подрумянивания. Выложите на тарелку и перемешайте с грибами. Посолите и поперчите по вкусу. В той же сковороде слегка обжарьте подготовленные лук и сладкий перец.
4. Духовку разогрейте до 200$^0$С. Тесто слегка раскатайте и уложите в форму так, чтобы получились высокие бортики. На тесто выложите жареный картофель с грибами, сверху – лук со сладким перцем.
5. Сливки взбейте с яйцами и вылейте на начинку. Посыпьте тертым сыром и выпекайте 30-40 мин. Готовому пирогу дайте немного остыть и переложите на большое блюдо. Перед подачей на стол украсьте веточками любой зелени.



## ФРИКАДЕЛЬКИ С ПОМИДОРАМИ

**Ингредиенты**

- 2 луковицы
- 4 зубчика чеснока
- 500 г мясного фарша
- 1 ст. ложка рубленой петрушки
- 1 яйцо
- соль
- молотый черный и красный перец
- 300 г замороженной фасоли
- 3 ст. ложки растительного масла
- 500 г протертых помидоров
- сушеный тимьян
- 1 ст. ложка пряной зелени

**Приготовление:**

1. Репчатый лук и чеснок нарезать. Мясной фарш смешать с ½ репчатого лука и чеснока, добавить петрушку, яйцо и приправить.
2. Фасоль варить 20 мин в подсоленной воде, откинуть на дуршлаг и дать воде стечь.
3. Разогреть 2 ст. ложки растительного масла. Из фарша сделать котлетки и 8–10 мин жарить их в растительном масле. Выложить из сковороды и поставить в теплое место.
4. Разогреть 2 ст. ложки растительного масла и пассеровать в нем оставшийся репчатый лук. Добавить помидоры, оставшийся чеснок и фасоль. Приправить тимьяном, перцем и тушить 5 мин. Подавать фрикадельки с соусом, украсив пряной зеленью.

# Гъаякент районалъул ХIОРАЛ

Гъаякент район бокьула дагъистаниязеги гьалбадериеги. Районалъул чIухIилъун ккола гьелъул берцинал хIорал. Гьениб буго цIаррагIараб, даруяб «Тупсуз» хIор. ЛъарагIалдаса буссинабуни гьелъул магIна ккола «тIину гьечIеб хIор». Гьеб ккола, Европаялдаго цогидаб гьечIеб, даруяб хIарщ рагьараб зодикь бакIалдаги хIалтIизабизе рес бугеб хIор. Риидал гьелъул температура бахуна 38 – 40 градусалде.

«Тупсуз» хIоринир гъанкъизе рес гьечIо, кутакалда цIамхIалаб букIиналъ. Амма гIемерал унтабаздаса сахлъизе рес буго гьениб. ХIарщ буго торфгун жубараб, лъим буго гIемерал минералал гъорлъ гьечIеб, чIабатIхIалаб ва хIорида сверухъ руго, гьенире жанире чвахулел, лъим дагьлъизе биччаларел, хинал иццал. Гьанире сахлъизаризе рачIуна бохдул-кверал унтарал, лъимер кколарел гIадамал. РикIкIада гьечIо туристазе сахлъизариялъе шартIал чIезарулеб «Гъаякент» санаторийги.

Гьединго буго цоги рагIараб «Аджи» хIор. Гьеб тIабигIаталъул берцинлъи бихьарабго, рокьи ккола. 546 га жиндирго гIатIилъиги, тIаде азарго га хьуцIилаб сверухълъиялъулги ккун буго хIоралъ.

Аджи – буго гIемерал хIанчIи рещтIунеб, бусаби лъолеб, тIанчIи рахъулеб бакI. Гьезда гьоркьор 30 тайпа Халкъаздагьоркьосеб ва Россиялъул БагIараб тIехьалде росарал руго. Мисалалъе: савка, султанка, авдотка, фламинго, пеликан ва цогидалги.

КIиго соналъ цебе гьениб кколеб букIана унго-унгояб тIабигIияб балагь. ТIубанго гIадин бакъвалеб букIана хIор. Ургъел бугел гIадамалги, районалъул ва республикаялъул администрациялги цолъун хIалтIи гьабичIебани гьеб хвасар гьабизе кIвелароан: цIигьаруна шлюзал, каналал, риччана жанире миллионгIанасел толстолобикал, хъахIаб амур ва карпалъул чанго тайпа.


Тупсуз хIор

ХIор лъугьун буго мугIрузул ракьандаса чвахулел лъараздаса ва лъалъадизе гьарурал каналаздаса. БакI-бакIазда 200 метраялъул гIатIилъиялдаги, сверухълъиялда кутакалда бижулеб буго заз-хъарахъ.

Россиялъул батIи – батIиял бакIаздаса хIорихъе рачIуна гIемерал туристал. Гьенир руго, некIогоялдаса хIалтIулелги тIаде ралелги, гIадамал сахгьариялъулал бакIал (санаториял, пионеразул лагерал, хIалхьиялъул рукъзал, хIарщул кумекалдалъун сахлъизарулеб бакI). Гьединго гьенире гьираялда рачIуна ччугIихъаби ва чанахъаби. Туристаз гьенир хIалтIизариялъе росизе бегьула гидроциклал, катамаранал, лодкаби, лъедолел рукъзал. Щивасда гьениб жиндие хIухьбахъиялъе къваригIараб жо батула.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**


Аджи хIор



# БОРХАЛЪИ

Араб гIасруялъул бащалъиялдагицин лъиданиги ракIалде кколароан, жидер азарилаб соназул тарихги маданиятги бугел халкъазул мацIал ва гьелда бан жалго этносалги тIагIиналъул хIинкъи букIинилан. Жакъа абуни дагъистаниязе гьединаб хIинкъи хIакъикъияблъун буго. Гьелъие бугеб гIиллалъунги бихьизабула, жиндир хIакъалъулъ жакъа гIемераб бицунеб, глобализация. Гьелдаго цадахъ, гьебго гIиллаялъ гIисинал миллатазул жидедего кIварги цIикIкIинабуна, гьел лъугьана жидер мацIги, миллатги, маданиятги цIуниялъе нухал ралагьизе.

МацI билиялъ рачуна рухIиябги интеллектуалиябги хъарцинлъиялде, гьеб рахъалъ лъугьуна чияда раралльун, кIочона тарих ва, гьеб киналъулго хIасилалда, рухIияб хаслъиялдаса махIрумлъула тIурарал регионал, моралияб рахъалъ мискинлъула дунялго. Жакъа жал тIагIиналъул хIинкъи бугел мацIал цIуниялъе хIаракатчилъи бихьизабизе ккола киназго, гьелъие ругьун гьабизе ккола гIун бачIунеб гIел, гIалимзабаз хIалбихьи кьезе ккола цебеса цебе. Хасаб бакI гьениб ккола рахьдал мацI лъазабулел гIадамаз – лингвистаз, мацI бухьинабизе ккола миллаталъул тарихалда, социалияб ва культурияб церетIеялда ва халкъалъул гIумруялда.

ГIемерал сонаца хIалтIана Дагъитстаналъул мацIал лъазарулел гIалимзаби миллатазул мацIазул грамматика гIуцIиялда тIад. Гьелъ рес кьуна мацIазда хъвадаризе ва магIнаялда гьел хIалтIизаризе. Нормаялде ккезабураб мацI – гьеб буго гIелмудал, литератураялъул, информациялъул мацI ва гьединго, аслияб жо, миллат цIуниялъе ва лъикI цебетIеялъе хIажатаб шартI.

Исана 97 сон сверула машгьурай советияй ва россиялъул лингвист Мейланова ГIунейзат ГIазизовна гьаюралдаса. Гьелъ тIолабго гIумру кьуна дагъистаниязул мацIал лъазариялъе ва гIадлуялде ккезариялъе. Гьунар бугей гIалимчIужу, хIаракатчIужу, лъикIай педагог, гьелъ бихьулеб лъалкI тана дагъистаналъул тарихиябгун-филологияб гIелмуялда. Гьединго гьелъ гIатIидаб нух рагьана хадур рачIарал гIолохъанал гIалимзабазеги. Гьезул гIелмияб ва хIалбихьиялъулаб хIаракатчилъи, жакъасеб ахIвал-хIалалда, цIияб гьавагIан хIажалъула, гьез рес кьола миллиял мацIал чIаголъизариялъе.

ТIабигIаталъ пагьму-гьунарги кьурай хIалтIизеги бокьулей ГIунейзат Мейланова йикIана цадахъ хIалтIулезе мисаллъун. ГIолохъанго гьелъ цебе лъуна кIвар бугеб масъала – лъугьана – нилъер республикаялъе щвараб тIокIлъи – гьелъул гIемерал мацIазулаб бечелъи лъазабизе. МацIалги, лугъаталги, наречиялги абуни ратана анцI-анцI ва гьезул лъугьунеб батана лъикIаб «хор».

Гьелъ гьабураб щинаб хIалтIи бихьун хIикмалъичIогоги хутIуларо. Гьелдаса бихьула гIалимчIужуялъе гIицIго цIех – рехалъулаб гуребги гьунар кьун букIараблъи ва гIелмуялдаги искусствоялдаги гьелъ росарал рорхалъаби тIабигIаталъ сайгъат гьабураб гьунаралда барабги букIин.

ГIунейзат Мейланова гьаюна 1924 соналъул тIоцебесеб маялда, Сулейман – Стальск районалъул Къасумкент росулъ. Эбел-инсуца ГIунейзат рахьдал мацIалдаса гьитIинго ятIа гьаюна. МацIалги халкъалги журараб шагьар МахIачхъалаялде гьел гочиндал, ясалъ кIиго сон гурони бан букIинчIо. Я Лениградалда тIадегIанал финанасазул курсал лъугIарав эмен ГIаб-

дулгIазизида, яги гIемерал кици-бицен, маргъабигун кучIдул лъалей, гIакъилайгун гIодое йиччарай эбел Сейранхалумида ракIалде кколароан жидер гьитIинай яс кIудияй гIалимчIужулъун яхъинилан.

Ясабуни гIолей йикIана маргъабазул, харбазул, биценазул, улбуца ахIулел берцинал миллиял кучIдузул ва бакънaзул хасаб дунялалда. Бакънал гIадин рагIулел рукIана гьелда гIагараб лезги мацIги цоги батIи-батIиял мацIалги. I93I соналъ ГIунейзат ана МахIачхъалаялъул № I школалъул I классалде. Щуйилазда гьебги лъугIизабун, къасд гьабулеб букIана Москваялдеги ун МГУ ялъул филологическияб факультеталде лъугьине. Амма данде ккечIо, байбихьана рагъ… Гьеб заманалда, жийго гIадал ясалгун рагъде йитIеян хъван гIарзагун ана гьей, амма гьебги битI ккечIо, ритIичIо. ЦIализе лъугьана С. Стальскиясул цIаралда букIараб пединституталде ва гьений, цIалуде бугеб жигаралъ, тIоцеесей Сталинил стипендия щолей студенткалъун яхъана. ЦIалудаса эркенаб заманалъ, цогидал мусудулгун цадахъ унаан вокзалалде, вагоназда рачIунел лъукъа-къотIарал рагъухъаби дандчIвазе, дежурство гьабулаан госпиталазда ва рухъулаан хандакъал…

Улкаги дунялги ракълилаб гIумруялде руссиндал, ахир-къадги мурадалде щвана ГIунейзат. Гьей Москваялда аспирантуралде цIализе лъугьана. Амма гьеб букIана институт лъугIун кIиго сон индал, ун йикIана росасеги гьабун букIана лъимерги. БагIараб дипломалда вуз лъугIизабурай гьей I947 соналъ хIалтIизе йосана СССРалъул АНалъул Дагъфилиалалъул мацIазул, литератураялъул ва искусствоялъул институталде. Хадуй, I949 соналъ, гьитIинав васги эбелалъухъ тун, ана Москваялде. Гьелъул руководительлъун ккана машгьурав Дагъистан лъазабулев, кIудияв советияв лингвист, дагъистаниязул мацIазул гIелмияб грамматикаялъул автор Лев Иванович Жирков. Аспирантураги лъугIизабун, I952 соналъ диссертацияги цIунун, 27 сонил гIумруялда ГIунейзат филологиял гIелмабазул кандидатлъун яхъана.

Араб гIасруялъул 50 сонazда Дагъистаналда байбихьана бакIалъулал мацIал лъазариялъул рахъалъ кIудияб хIалтIи. Гьелдаса байбихьана жиндир гIелмияб хIаракатчилъи гIолохъанай гIалимчIужуялъги, тIолабго къуватги гIемераб заманги кьуна цIех-рехалъулаб ишалъе, гъираялда лъазаруна лезги мацIалъул диалектал. Гьеб абуни ккола гIемерал хьвадизе тIамулеб, росабалъе щвезе кколеб, захIматал шартIазда тIубазабизе кколеб иш. ГIунейзат жиндирго ишалде кутакалда машгъуллъана, чанги букIунаан эбел-инсул кумек хIажатаб заманги. Гьезги кумек гьабулаан: инсуца «балагьулаан» мугIрузул росабалъе ине транспорт – рекIине чу, чанги живгоги унаан ясалда цадахъ росабалъе. БукIунаан «гIелмияб командировкалде» жиндие кумекалъе эбел яхъинаюраб мехги. Гьениб гIадамалгун дандчIваял, гьикъа-бакъиял, ахир лъаларел харбал, балагьулеб информация, гьарулел хьвай-хьвагIаял рукIана гIелмияб цIех-рехалъул источникаллъун. ГIадамаз гIолохъанай гIалимчIужуялъе информация гъираялда кьолеб букIана. Гьелъ рецIулаан киналго захIмалъаби ва гьединго йикIа-яхъиналъе кколел санагIалъи гьечIолъиялги. Халатаб ва захIматаб гьеб хIаракаталъул хIасиллъун букIана «Лезгиязул диалектологиялъул очеркал» абураб кIудияб хIалтIи. Гьеб Москваялда «Наука» издательствоялъ I964 соналъ басмаялда бахъана ва хадусебго соналъ гьелда тIасан Тифлисалда, Гуржиязул АНалъул хасаб Советалда цебе ГIунейзат Мейлановалъ цIунана докторлъиялъул диссертация. Гьеб фундаменталияб гIелмияб хIалтIи жакъа къоялдаги буго гIелмияб дунялалда бищунго гIемер хIалтIизабулеб ва рехсолеблъун хутIун.

Мейлановалъ гьабураб кIвар бугеб ишлъун рикIкIине бегьула I968 соналъ СССРалъул АНалъул Дагъфилиалалда цебе хьвай-хьвагIай гьечIел мацIазул сектор рагьиги, гIемерал соназ жинцаго гьелъие нухмалъи гьабиги. Сундасаха байбихьизе букIараб хIалтIи? Гьай-гьай материал бакIариялдаса, захIматал нухаздаса, Дагъистаналъулги Азербайджаналъулги росабалъе экспедициязде хьвадиялдаса, жидерго хьвай-хьвагIай гьечIел мацIазул словарал данде гьариялдаса.





Гьедин данде гьаруна дагъистаналъул гIемерал гIисинал мацIазул словарал: багвалазул, гьинухазул, бежтIадерил, гъодоберисезул, кIаратIисезул, чIамалазул ва цогидазулги. Жинцаго абуни гьелъ гьениб гIуцIана «Будух – гIурус словарь». Гьеб «Наука» издательствоялъ къватIибе бичана I984 соналъ.

ТIолобго гIумру лексикографиялъулаб хIалтIуе кьуна ГI. Мейлановалъ. Гьелъ хIадур гьабуна «Лезги мацIалъул кIудияб орфографиялъул словарь». Б. Талибовасда цадахъ хIадур гьабуна «Лезги мацIалъул магIнабияб словарь». Гьел РАНалъул ДФИЦялъул мацIазул ва литератураялъул институталъул квералъ хъварал хIалтIабазул Фондалда, басмаялда рахъизе ирга щвеялъухъ ралагьун хутIун руго. ЦохIо гьеб гуребги, ГIунейзат Мейлановалъ гIемераб хIалтIи гьабуна литература, фольклор, фонетика, морфология, синтаксис ва мацIазул цогидал рахъал лъазариялъул рахъалги. ГIакълу, лъай, пагьму букIана кIудияй гIалимчIужу ятIа яхъизе лъалел рахъаллъун. Гьелъул гIелмияб хIаракатчилъиялъ хасаб бакI ккуна жамгIияталъул гIелмиябгун педагогическияб пикру ва бичIчIи гIуцIиялъе. Гьебги гIицIго Дагъистаналда гуреб, гьеб бахун къватIибги.

Ункъо монографиялъул ва 200 ялдаса цIикIкIун гIелмиял макъалабазул автор, лъебергоялдаса цIикIкIун мацIал лъазариялъул экспедициялда гIахьаллъарай гIалимчIужу, ГIунейзат Мейлановалъ гIелмияб хIалтIиялде тIаде тIубазабулаан жамгIиябги. Гьей йикIана «Дагъистаналъул чIужугIадан» журналалъул тIоцеесей редактор. Гьеб бахъизе байбихьана I957 соналъ. Хадуб гIемерал соназ тIуразаруна, гьебго цIаргун руччабазе хIадурулеб букIараб, телевизионияб журналалъул жамгIияй редактораллъун ишал. ЙикIана Советиял руччабазул Комитеталъул членлъунги.

ГIунейзат Мейлановалъул гIелмияб дунялалда букIараб кIудияб къадру бихьизабулеб хIужалъун ккола гьей Европаялъул Лингвистазул Атласалъул Комитеталъул членлъун ва нухмалъулейлъун йищун йикIиналъ. СССРалъул АНалъул гIемерал гIелмиял Советазул членлъунги йищулаан гьей. ЙикIана дагъистаналъул, Севернияб Кавказалъул ва гьединго РФялъул чанго вузазул докторлъиялъул диссертациял цIуниялъул хасал Советазул членлъунги. ГIахьаллъи гьабуна, миллиял мацIал цIуниялъул ва лъазариялъул суалазда тIасан тIоритIулел, халкъазда гьоркьосел советиялги россиялъулги гIелмиял конференциязда.

ГI. ГI. Мейлановалъул хIакъалъулъ дагъистаналъул машгьурай гIалимчIужу, филологиял гIелмабазул доктор Фаида Абубакаровна Ганиевалъ гьадин бицана: «Дида ГIунейзат ГIазизовна лъалаан I967 соналдаса, 34 соналъ гьелда цадахъги хIалтIана. Цадахъ ккана гIемерал экспедициязде. Гьеб киналъго рес кьола дие гьей гьунарги лъайги бугей, гIумру бокьулей ва мисалияб къагIидаялда гьеб тIамурай, захIматалдаса хIинкъуларей, мурадалде щвезе къеркьолей, ишалъе ритIухъай гIадан йикIанилан абизе…»

ГIунейзат Мейлановалъул гIелмияб творчествоялъул мисалалъ бихьизабулеб буго, бажари-гьунар бугел мугIрузул руччабазе бокьараб рахъалда жалго церетIезе, хIаракатчилъи бихьизабизе, лъалкI тезе ва цIар рагIизабизе рес букIин. Гьелдаго цадахъ гIуцIцIизе бегьула лъикIаб хъизанги, гIезаризе бегьула тарбияги лъайги щварал лъикIал лъималги.

***ВатIаналъги мустахIикъаб къимат кьуна ГIунейзат Мейлановалъул захIматалъе. Гьей ккола РДялъул ва РФялъул мустахIикъай гIелмияй хIалтIухъан, гьелъие щвана «Кавказ цIуниялъухъ» ва «КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда гьабураб лъикIаб хIалтIухъ» абурал медалал, гьей ккола А. Чикобавал премиялъул лауреат. Гьелъие щвана советиял руччабазул Комитеталъул рахъалдасан Меседил медаль. Гьединго СССРалъул АНалъул Президиумалъул, ДАССРалъул ва РСФСРалъул Верховный Советазул Президиумазул ва цогидалги грамотаби.***

**Пакизат ФАТУЛЛАЕВА**

# Гьацlуль хlе камуларо…

Росгун цадахъ къоло щуго сон тIубаялъул хIурматалда гьабулеб тадбиралде ахIана цадахъ хIалтIулей Розаца дун. Росасдаса ятIалъаралдаса гIемерав чи вугеб бакIалде ине бокьуларей дие, гьение инеги бокьун букIинчIо. Амма Розае инкар гьабизе кIвечIо. Унго-унгоги бертаде гIадин хIадурун ругоан гьел: кечI - бакъан, тамада, фееверкал, «бахIаразе» лимузин. Гьеб букIана ГIалибегилги Розалги лъабалго лъималазул хIалтIи.

БитIун квана-гьекъолаго тIаде вачIана ГIалибегил бизнес цадахъав гьудул Расул. Тохлъукьего цо нухалъ берзул балай дандчIваралдаса, гьев кидаго кIвар кьун дихъ валагьун ватулаан. Дицайин абуни, нечеялъ, берал рахчулел рукIана. РакIалде кколеб букIана, дун гьесда цойги лъалей гIадангун къосун ятилилан. Расулицайин абуни, аскIовеги вачIун лъай-хъвай гьабуна ва тIаса вичIичIого тIубараб сордоялъ кьурдизе яхъинаюна, тIалаб-агъаз гьабуна.

Рокъоейилан дун ягъаридал, васасейилан гьуинлъабазул цIураб пакетги кодобе кьун, гьимулаго Розаца: - Расулие мун цIакъ рекIее гIунилан ккола. Дуца гьев пана гьавуна, – ян абуна. Нижер хабар рагIалде бахъиналде Расулги вачIана къватIиве, жив мун рокъое щвезайизе вилъинилан. Хинаб сордоги бугелъул, хIукму ккана лъелго ине. Нухда Расулица жиндирго хIакъалъулъ бицана. Гьев, тIаде балагьун гIезегIанго кIудиявин кканиги, дидаса анлъго соналъ гьитIинав ватана.

Расулил эбел-инсуца гIумру гьабулеб букIуна росулъ. Гьевин абуни, школа лъугIидал шагьаралдеги вачIун, вачIинахъего цIализеги ворчIичIого, магIишат гьабизе лъугьун вуго ва анкьго соналда жаниб лъикIаб хIасилги ккун буго. Рагьун буго телефонал къачIалеб мастерская, къаси-къаси таксиялда хIалтIун вуго. Къарзалъе гIарацги босун, байбихьун буго сотовиял телефонал ричизе. Кього сониде вахаравго, жиндирго бизнесги бичун, ГIалибегил, хайир цIикIкIун кьолеб бизнесалде гьоркьове жуван вуго ва университеталде заочно цIализеги лъугьун вуго.

Дун абизегIан хехго гIадамазде ругьунлъулей гIаданги гуро, амма доб сордоялъ Расулилгун харбида дие щибго захIмалъи букIинчIо. ГIемерал соназ лъалев чиясе гIадин рагьана дица гьесие ракI: бицана ригьнадаса ятIалъун микьго сон бараблъиги, дихъ валагьун рокъов микьго сон барав вас вукIинги. Дун гьесдаса анлъго соналъ кIудияй йикIингицин балъго гьабичIо дица.

- Щайха нуж ратIалъарал, рос вокьулев вукIинчIищ дуе? – ян гьикъана гьес дида.

- ВукIана, гьесие дун йокьулей йикIун ятичIо…

Гьел ракIалде щвеяз дир ракI къакъалеб букIана... Абакарги дунги цоцазе рокьунлъидалха данделъун рукIарал. Байбихьуда кинабго лъикIги букIана. Нижер гьоркьоблъи цIорозе байбихьана лъимаде йигеб заманаялъ, гьелъул ахирал моцIаз. Дица доб заманалда лъабго моцI больницаялда базе ккана лъимер ургьиб цIунизелъун. Жиндирго тIалаб-агъаз гьабизе дун рокъой гьечIилан, рос дидаса рази гьечIого вукIана. Заман тIаде щвелалдего цIайи гIечIев васги гьавун, дун лъималазул больницаялде ккана. Гьеб хабар рагIидал рос виха-хочун лъугьана, амма гIилла цогидаб букIун буго. Гьес лъазабуна жив цогидалъухъе унев вугилан…

Гьедин, больницаялдаса къватIие ячIиндал, росас рехунги тун, дун, анцIила ичIго сон барай гIадан, хутIана чIобогояб рокъой гьитIинаб загIипаб лъимергун. Дица хIукму гьабуна васасул гурони тIокIаб сундулниги ургъел гьабиларилан. Инсул цIарги лъуна гьесда Сулейманилан.

Унеб букIана заман, гIолев вукIана вас. Эбел-инсуца дие бакка-бахъи гьабулаан, жеги вас гьитIинав вукIаго, бесдал инсудехунги хехго ругьунлъизе, ригьнае санагIалъи гьабизе лъикIаб букIинаанилан. Дие гьеб пикру рекIее гIолеб букIинчIо, Абакарица рекIеда лъураб ругъун букIана жеги унтилеб. Амма дир гьудул-гьалмагъзаби гIадада рукIун ьечIо гьеб мехалъ…

Асял вац дие вихьаравго рекIее гIуна. Сабурав, вукIавахъине лъалев, вихьизеги берцинав гIолилав вугоан гьев.



Арсеница бицана, жиндие дун кIиго сональ цееккунго, яцалъул гьаюраб къо кIодо гьабизе ячIиндал рекIее гIун йикIанилан. Гьес дир лъай-хъвай гьабуна жиндирго эбел-инсулгунги, яц-вацазулгунги. ГIагарлъиги разиго букIана, цохIо гьез гIажаиблъи гьабулеб букIана дица гьеб халат бахъинабулеб букIиналда. Дидайин абуни ракIалде ккола ан васасе жиндирго эмен къваригIун вугилан, Сулейманида дир цIияв рос вичIчIиларин ва росасе инги къабуллъиларин.

Цо нухалъ гьес дида Абакарил хIакъалъулъ гьикъана ва дица абуна ниж ратIалъун ругилан.

- Щиб жо гьеб ккoлеб? – ян абуна васас.

- Лъалищ, дир вас, цоцазе рокьараб мехалда гIадамал данделъула. Рокьи лъугIараб мехалда, цадахъ рукIиналъул мурад букIунаро, гьел ратIалъула.

Сулейман ургъана:

- Гьанже дунгийищха инсуе вокьуларев? Дидасаги ватIалъунищ гьев вугев? – илан абуна.

Хадусеб къоялъ радал, кигIан захIмат букIаниги, дица вукIарав росасухъе ахIана, бицана гьесие васасулгун ккараб хабар ва гьарана гьев вихьизе гIамал гьабеян. Амма дос абуна, гьанже гьел дандчIваязул мурадги гьечIила, гьездаса хадуб васасе дагьабги захIмалъизеги бегьулилан.

- Гьесда абе дун Севералде ун вугин…

Дицаги гьедин абуна.

Амма цо нухалда къватIиса вас вачIана хъар-хъарсун гьумер-кIалгун, гIодилаго.

- Щиб ккараб, дир вас? ГIодовищ мун ккарав? – илан гьикъана дица.

- Вагъана! ТIагьирица абуна дир дада Севералде инчIила, шагьаралда, гьаниса рикIкIада гьечIеб бакIалда вугила, гьесие гьадинго дун вихьизе бокьун гьечIилан... Гьерсалха, эбел, ТIагьирил… Гьедин букIине рес гьечIо! Дица инсуе гьабураб квешлъи гьечIогури…

Хадусеб къоялъ дун йилълъана Абакар хIалтIулеб бакIалде ва гьарана «Севералдасаги вуссун», эменго эменилан чIвадилев вугев вас вихьизе вачIайилан. Гьев расги гъира гьечIого разилъана ва гьезул данчIвай хадуб кумекалъеги батана. Сордоялъ инсудаса вичIуларого, галул манзилалъги гьесдаса рикIкIалъуларого вукIарав васас, Абакар нахъе индал пашманго абуна:

- Инсуца бицана жив жеги Севералде ине кколилан. Дунги гьесухъ хадувккун тIокIалъ киданиги урхъиларо. Гьесие дун вокьулевго ватиларин ккана ракIалде. Дидасаги ватIалъунги ватила дов, - илан.

Гьелдаса ана лъагIел. Сулейманица эмен гьикъулевго вукIинчIо.

Цо къоялъ Арсеница ахIун бачIана.

- Метер нилъ рильлъине руго дир гьалмагъасул дачаялде. Дора киналго гьудулзаби лъудбигун рукIине руго ва дие бокьун буго гьезулги дурги лъай-хъвай гьабизе.

- Арсен, метер ккола гIодобкъо ва дир вас гьавураб къоги. Гьесухъе рачIине ккола гьалмагъзаби, цIакъ гьеб къо бачIиналъухъ валагьунги вуго. Гьединлъидал дачаялде рильлъине данде ккoларо… Нижее бокьун букIана мун нижехъего ахIизе.

- БичIчIуларо, Фатима, кинго бичIчIуларо, - ян сородулеб гьаракьалъ абуна Арсеница. - Гьединал хабаралгун гьанжелъизегIан мунго хутIиялдаги гIажаиблъи гьабуларо дица.

Дун гIенеккун чIун йикIана. Дие гьеб хабар къабуллъичIеблъи бичIчIарав Арсеница хадуб дагьаб хинго абуна:

- ЛъикI буго, Фатима, Сулейман гьавураб къо нилъеца жакъаго кIодо гьабила, тортги цогидабги дица босила. РакIареян абе гьалмагъзабиги. Метер радалго рахъун дачаялдеги рильлъина.

Дун разилъана. СагIаталдасан Арсен вачIана васасе тортги расанкIоги босун.

- Дун дагьавго кватIила, къасиялдехун вачIина, - янги абун Арсен ана. Сулейманги дунги гьалбалгун рукIана. ГIадамал тIаса индал, ниж метерисеб къо дандбазе лъугьана, гьоболъухъ гIодове виччан, берцинго вукIаянги малъана. Къасиялдехун Арсенги вачIана.

- Метер вас кив тезе вугев дуца? – абун гьикъана гьес нуцIихъанго.

- Гьав нилъгун вачине бегьуларищ? – ян гIажаиблъана дун.

Сулейман хIисабалда валагьана цин Арсенихъ хадув дихъ. Арсеница гьесда абуна:

- Сулик, дуца изну кьелагури эбелгун ниж гьалмагъзабазухъе гьоболлъухъ ине? Дора чIахIиял гурони чагIи рукIунаро. Мун Асият-ункъачода цадахъ бегьиларищ тезе? РакIги хоге, гьанже мун кIудияв чилъидалха.

Васас бетIер гьанкIана, амма бихьулеб букIана къабуллъичIеблъи. Гьесул тIелхаз хIалицаго ккун букIана магIу.

Хадусеб къоялъ, Сулейманги Асяда аскIов тун, ниж дачаялде ана. Дора ругоан гьесул гьалмагъзабазул лъудбиги батIи-батIияб гIелалъул лъималги. Гьел кIудияб салул гохIда, гьерчерабазда расандилел, шашликIал режизе цIул баччулел, азбар-къоно гIоларого расандилел рукIана.

- Дуда лъалеб букIун батиларо гьанир лъималги рукIине рукIин. ГIадада тана нилъеца Сулик цадахъ вачинчIого, - ян абуна дица.

- Лъалеб букIана дида гьанир лъимал рукIунеблъи, - ян кьварун абуна Арсеница, - дица рагIи кьун букIана жакъа гьудулзабазда дир абурай киналго тIокIлъабигун – берцинлъи, чIурканлъи, камиллъи ва цIодорлъигун йихьизайизе, къокъго абуни, хIе гъорлъ гьечIеб гьацIул хъаба гьезда цебе лъезе.

- Щибилая?! – дун дирго гIундузда божулей йикIинчIо. «ГьацIулъ хIе» - гьев дир васищ?

- Ццидаххунге, Фатима, нилъехъ ралагьун руго. Квешищха бугеб, байбихьудаго дур васги вихьизавун гьал рихха-хочизаричIого тей? Лъимал гьел абизегIан лъикIаб бахIаралда «цадахъ кьолеб къайи-къоно» гуреблъиги дудаго лъалагури.

Нижеда аскIое ячIана гьалмагъасул лъади:

- Арсен, нижееги теха, ле, гьайгун гара-чIваризе.

– Мун йикIине кколаха Арсенил абурай? Кида букIине бугеб бертин? – илан гъежги ккун доегIан ячана дун гьелъ.

- Гуро, мун мекъи ккун йиго. Ниж руго гІадатиял гьалмагъзаби, гьаниеги дун ракІалдаго гьечІого ккана, - абун борчІана дихъа.

ТІаса лъугьаян гьелдаги абун, дачаялдаса къватІиеги йилълъун, гІодилаго шагьра нухдехун унеи йикІана дун. Гьавураб къоялъ васги чияда аскІов тун, гьение арай дун, дидаго хиянатчІужулъун йихьулей йикІана.

Къаси вачІана Арсен. Гьудулзабазда цеве жив сури-завунилан, рази гьечІолъи загьир гьабуна гьес. Хадув лъугьана дун рекъезайизе, жиндие мун йокьулила, гьеб гІайибги жинца тІаса лъугьун телилан. Дица лъазабуна нилъер кинаб букІанигигьоркьоблъи букІине рес гьечІин ва щулаго гьеб рагІиги ккун чІана. Ниж рикІкІалъана. Лъабго моцІидасан рагІана Арсеница лъади ячанилан. Васасги гьев цо-цо гьикъулев вукІана, хадув кІочон тана.

… Расулица дихъе къойил гІадин ахІун бачІунаан, хІалтІудаса юссунаго чанги рокъое щвезаюлаан. Гьес киданиги абулеб букІинчІо жиндие мун йокьулин, гьикъулеб жоги букІунароан. РичІчІуларел махсарабиги рукІунароан гьесул. РакІалде кколаан Расулги дунги гьадинго гьудулзаби ругилан. Нижее цадахъ лъикІ букІана, щибниги гьабулеб жо гьечІониги. Расулица чанцІулго абуна Сулейманилгун лъай-хъвай гьабизе бокьун бугилан ва цо шаматалъ дица гьев гьоболлъухъе ахІана.

Расул вачІана кІудияб пакет цІурал расанкІабиги пихъгун гьуинлъабиги росун. Сулик гьесдаса вичІулевго вукІинчІо. ЧІарбида расандилел гьезухъ балагьун дида ракІалде ккана: «Расул живгоги жеги лъимер вуго», - ян.

- ГІайиб гьабуге, Фатима, Сулеймангун васандилаго дида мун кІочон тана. Дур лъикІав вас вуго. Дун цойги нухалъ вачІинаан нужехе, нужеца ахІани, - янги абун гьес къо-мех лъикІ гьабуна. Дица кІал рагьилалдего васас гьесие жаваб кьуна:

- Эбелалъеги диеги бокьила мун метерги, сезеги, кидагоги вачІине…

Заман унеб букІана. Щибаб сордоялъ гІадин вачІунаан нижехе Расул ва ниж тира-сверизе рахъунаан. Сулейман унтидал Расулица гьесухъе вачун вачІана тохтур, ккуна хъулухъ гьабизе сестра, живгоги вукІунаан сагІтаз гьесда аскІов.

Дагьаб мадарги лъугьун, Сулейманихъе раккизе гьудулзаби рачІиндал, гьес гьезда разиго бихьизабуна жиндир цІияб, пульталъ хьвадизабулеб машина.

- Лъица дуе гьеб босараб, - абун гьикъана гьалмагъ ХІамидица.

- Расул-дацица. Гьев кватІичІого дир дадалъун вукІине вуго, – ян лъазабуна васас. Гьебги рагІун дун йиххун ккана. Дицаги чанцІулго пикру гьабун букІана Расулилгун гьоркьоблъиялъул, абизе бокьун букІана гьел дандчІваял тезе ккелин. Дида бичІчІулеб букІана ригьин гьабизе данде кколареблъи. Щай гьесиеги, кидаялиго Арсеница абухъе, лъимер бугей гІадан, тІадежоялъе жиндасагоги кІудияй. Гьениб цохІо гуреб, кІиго хІедул гъуд кколеб бугелъул.

Доб сордоялъ Расул кватІизегІан хутІана нижехъ ва вас кьижидал, жиндихъ гІенеккеян гьарана.

- Дир дуе бицине кІвар бугеб хабар буго, Фатима. Жаваб кьезе хІалакунге, - ян абуна гьес, нечадго гІадин. – Дие мун йокьула, дуда лъалеб батичІого букІинеги бегьула. ЯчІа дие лъадилъун, гуриланги абуге…

- Расул, гьеб букІунеб жо гуро, дир лъимерги буго, дун дудаса кІудияйги йиго…

- Дие вокьула дур васги, дица гьесие эменлъиги гьабила, бесдалав вукІинги лъазе биччаларо. Гьеб дуда гьаризе дун гІедегІичІо, дирго хІал бичІчІизегІан чІана, ва бичІчІана мунги васги дие къваригІун рукІин.

Дица гьесда гьарана ургъизе заман кьеян.

Хадусел къояз Сулейман гордухъа нахъе вахъунев вукІинчІо.

- Эбел, ракІалда бугищ дуца цо нухалда абураб, цоцазе рокьулел гІадамал данделъулин ва цадахъ гІумру гьабулел рукІунин, рокьи тІагІиндалин абуни гьел ратІалъулилан.

- Буго, дир вас, буго. Щай дуца гьеб дида гьикъулеб бугеб?

- Дие бокьун буго нилъеца Расул-дацигун цадахъ гІумру гьабизе. Гьесие нилъ рокьула ва нилъгун вукІине ккола. Дида лъала хадувги гьев нилъедаса ватІалъизе гьечІевлъи.

Дун гІенеккун чІана, васин абуни чІолев вукІинчІо:

- Эбел, рачІа ахІизе гьесухъе. Метер буго дун гьавураб къо. Дунги гьесухъ урхъун вуго. ВукІине те гьев нилъеда цадахъ.

Дица вас хІалица кьижизавуна, радалиса Расулихъе ахІилин рагІиги кьун. Хадусеб къоялъ Расул живго вачІана. Сулик гьесда хурхана ва ватІа гьавизе кІоларого вукІана...

Жиндир гьалмагъзабигун Сулейманица гІодорчІей къадго гьабуна, къасийин абуни нижеца ахІун рукІана чІахІиял гІадамал: мадугьалзаби, гІагарлъи, гьалмагъзаби. Циндаго нуцІида кІутІана. КІалтІа ватана Абакар кодоб кІудияб коробкагун.

- Дир ихтияр букІунищ васасда гьавураб къо баркизе, - ян абуна гьес. Дун гІенеккун чІана.

Вас, эменги вихьун, гьесда данде ана, квер босана ва гьикъана:

- Мун гьанжеги Североалдасайищ вачІарав?

Абакарица бетІер гІодобе биччана.

- Нижеца гьаниб дир гьавураб къо гьабулеб буго, - ян абуна Суликица ва Расулги вихьизавун:

- Гьав вуго дир эмен, Расул! - илан тІадеги жубана.

Абакар дидехун вуссана:

- Гьас бицунеб жо щиб, Фатима? – йилан абуна.

Дида бихьулеб букІана васги Расулги дихъ ралагьун, щибдай дица абилаян гІенеккун ругел куц. Васасул каламалъ кумек гьабуна дие рекІеда ятизе, гьеб параялъ тІагІана вас-васдиги, хІинкъиги, къуват гІуна, дицаго дунго махсароде ккун йикІинчІого, батараб талихІалъе мукІурлъизе, бичІчІана дида дандчІварав чи вацІцІадав, рагьарав, ракІ-ракІалъ дунги дир васги вокьулев чи вукІин ва гьединав чи васасеги диеги къваригІун вукІинги…

- У, Абакар, Сулейманица бицунеб жо битІараб буго. Лъай-хъвай гьабе, Расул ккола дир вукІинесев рос.

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**



Тубхlат ЗУРГЬАЛОВА

# Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго…

*Поэмаялъул бутIа*

Бахlарзаз, хвалчабазул лъелалги гъурун рехун,
Харбие нахъе тараб къалгlат буго АхIулгохI.
Къо ккедал руччабаца чалмаби къан, тlагърал лъун,
Черхалда ярагъ бараб бакIги буго АхIулгохI.

*ЧIикIаса СагIид-афанди (къ.с.)*

## ГIАШИЛТIАСА ХАНЗАДАЙ

*МугIрузул улкаялъул*
*Каранда ракI гIадинаб,*
*Жиб рагIун, тIолго ракIал*
*КIорокIизе гьарураб,*
*Гьаргьадулеб букIана*
*Гьеб къоялъги АхIулгохI,*
*Гумпарабаз рорлъарал*
*Ругъназ цIураб АхIулгохI…*

*Гьебги Къиямасеб къо*
*Къасиялде сасана,*
*Ссудулел пикрабигун*
*ДугIадулъ вуго имам…*
*Вахъун муридзабазул*
*Горсверулъеги лъугьун,*
*Цо васвас бачIун бугин*
*АскIов кIусана имам:*

*«Цо вихьичIев гIадинав*
*Мурид вихьана жакъа,*
*ЦIакъго хIаракат бахъун,*
*Тушбабигун вагъулев.*
*Нилъеда тIаде-гъоркье*
*ВачIарав чиго вугищ?*

*Дир боялъул бахIарчи*
*ЛъачIев дие нич гьечIищ?»*

*Цоцазухъ ралагьизе*
*Рес кьечIеб рагъ букIиндал,*
*Имамасе жаваб кьун,*
*КIалъана гIашилтIисев:*
*«Дуда вихьарав мурид –*
*Бихьинчи гуро, Шамил,*
*ЧIварав росасул гужгат*
*РетIарай чIужу йиго.*

*Гьесул хвалченги хьвагIун,*
*Гьесухъ рецIел босулей*
*ГIашилтIаса Ханзадай*
*Дуца цIехолей йиго.*
*ЧIужугIадан жий йикIин*
*Дудацин лъаларедухъ,*
*Гъурмада лахI лъульарай*
*Нилъер Ханзадай йиго…»*

*Имам хIайран гьавурай,*
*Огь мугIрул чIужугIадан,*
*АхIулгохIалъул тарих*
*Борхарай дир Ханзадай!*
*Мун цее чIун, къан ккуна*
*Кверaз имамас бетIер,*
*ГъажибутIруздаса гьеб*
*Бахъулев вугев гIадин!*

*Гьеб букIана Шамилил*
*Малъкъосиналъул сурат,*
*МагIилъан гьес гьабулеб*
*ДугIадулъ бугеб къисмат:*
*Жиндир къавмалъе бугеб*
*Зулмуги цIакъ бичIчIараб,*

*Амма, лагълъуде ккани,*
*Гьеб – дагьабги захIматаб...*

*Бидулъго бахIарчилъи*
*БетIергьанас лъун бугеб,*
*Исламги эркенлъиги,*
*РухI къуниги, кьолареб,*
*Гьаб жиндие хирияб,*
*ГIагараб, багьадураб,*
*БахIарчиял руччаби –*
*Гъазизаби рахъараб;*

*Гьел гъалбацIаз, гъежги цун,*
*Бихьиназе кьолеб жан,*
*Гьеб жужахIалда къеркьон,*
*Босизе бугеб алжан...*
*Лагълъи, йохъ, хIехьоларо,*
*ХIалихьалъи гIадинан,*
*Гьал мугIрузда бижараб,*
*ГьелгIан борхатаб халкъалъ...*

*Гьеб кинабго бичIчIарав,*
*Гьеб кинабго бихьарав,*
*Бихьинал руччабазул*
*РухIалдаса чIухIарав*
*Имамас магIил гарал*
*Гиризе риччан тана,*
*БетIер къан ккурал кверал*
*БетIергьанасе ккуна...*

* * *

*РухIгIан жиндий хирияв*
*Росасул бидул цIураб*
*Гужгат жиндирги биялъ*
*БагIарлъана Ханзадал –*
*Тушманасул хучдуца*
*ЦIехечIо чIужугIадан...*
*Ругъназ цIурай ахирги*
*ГIодой лъуна Ханзадай.*

*Холей бабада хурхун,*
*Лъабабго гьелъул тIинчIалъ*
*ТIутIун балеб бугилан*
*Кколеб букIана дунял.*
*Баба кIалъазе кIвезе,*
*Гьелъул кIутIби риччизе,*
*МагIугун хIацIу гьезда*
*Лъулъалеб букIана гьез.*

*Гьаругьинан щурана*
*Ханзадалъ: «Аллагь! - илан, -*
*Гьав дир лъабавго ятим*
*Дуде аманат!» - илан.*
*Цинги баба юссана*
*Васазулъ кIудиясде, -*
*ГIелалъ гурев, гIумруялъ*
*КIодолъизе ккарасде:*

*«Дир дарман Абубакар,*
*Мун кIудияв вугелъул,*
*Гьабе вацазул тIалаб,*
*Баба холей йигелъул.*
*РетIе, тIаса рахъуге*
*Дир буртинадул хьитал,*
*Къо ккедал, гьезул тIукъби*
*ЧIалхе, бабал хазина.*

*Гьениб дуда батараб,*
*Баракатаб батани,*
*Нужейго бетIербахъи*
*Гьабизе гIезе ккола...»*
*ГIодулел, хачадулел*
*Чохьол рухIелалги тун,*

*РухI босулей Ханзадай!*
*Дихъе анищ дур васал!!!*

*...ЧIваркьун ралагьун руго*
*Холей Ханзадал берал,*
*БестIалазухъ балагьун*
*ГIорцIулел рукIинчIо гьел.*
*ГьакIкIахъе хутIун буго*
*Лъим гьаруleb гьелъул кIал...*
*КIкIалахъа мун кватIана,*
*Огь, ГIашилтIаса АхIмад!*

*КватIаниги, цIалана*
*АхIмадица ясинги,*
*АхIана кумекалъе*
*КIиго-лъабго муридги.*
*Гуллбузул цIадалда гъоркь,*
*КъулчIулаго магIугун,*
*Ахираб сапаралде*
*КъачIана Ханзадайги...*

*Шагьид Нуричул лъади,*
*Лъабго васасул эбел,*
*Росасухъ рецIелги щун,*
*Унеи йиго гьесухъе.*
*РухIалил гарал гIадин*
*Гьанир ятималги тун,*
*Гьесул гужгаталда гъорлъ*
*Хъван батана къокъине...*

*Ханзадалъ лъун букIараб*
*Нуричул чалма-тIагъур,*
*ТIаса дагьабги хъущтIун,*
*Цере лъун руго гъалал...*
*Росасул щиб, росдалцин*
*Къадру борхарай шагьид –*

*ГIашилтIаса Ханзадал*
*Хвалчаби гIадал гъалал...*

*Нуричул тIагъуралда*
*ТIанкI лъезе течIел гъалал...*
*Рагъда гъалбацI гIадинай*
*МагIарулалъул гъалал...*
*ГъажибутIрузда гъорлъа*
*БетIер бахъулев гIадин,*
*Имам асир гьавурав*
*Дов «муридасул» гъалал!..*

*Къечалъ хIал бергьаразе*
*КIкIалахъа лъим баччизе*
*Кварил бакIалда хIалтIун,*
*КIкIорал лъугьарал гъалал...*
*Гьел гъалал гьаругьинан*
*Нуричул тIаргъинир лъун,*
*Досул гужгаталда гъоркь*
*Хабалъ лъуна Ханзадай.*

______________

*ГъажибутIрул – бетIер тIад баччарал кIигъуждузул рукьби*




# МУГИЯЛДЕ САПАР

Киналго мугIрул нухал цоцазда релълъарал ва щибаб, жиндирго тIабигIатгун, жиндирго рекIел хIалгун, хасаб букIуна. ГIахъуш районалъул кIудияб росу Мугиялде унеб нухги гьединаб хасаб буго. Бокьарав, гьеб росулъе сверарав чиясда дандчIвала росдал си! Сиялда жаниб буго музей, тIасиял тIалабаздасан, хъатиниб лъураб гIадин, бихьула тIубараб ГIахъуша район.

Нижер гIажаиблъи бихьидал: «гьаниб букIине буго музей ва этноцентр. Нижер цересел умумузул букIараб гIадаб гьаб си бана меценатазул кумекалдалъун», - илан бицана музеялъул директор (гьевго завхоз, хъаравул ва уборщик) АхIмадица,. ХIикмалъичIого кинха рукIинел? Гьаниб данде гьабун буго умумузул букIараб гIемераб цIа-рагI, санкIал, матIаби, хурхералъе къваригIунел алатал, пахьул, резил, щагIил хъуби, гулгунал, гIертIал…

«Гьаб кинабго хозяйство дида тIад бугоха – гIумру гьабунги дун гьанивго вуго. Гьалбалги къабул гьарула, гьезие чайги тIола, росдал тарихалъулги бицуна. Цодагьаб цебегIан, рикIкIада гьечIеб бакIалда, жидерго тIелаладаса батIалъараб, лъукъараб хIажилакълакъ батана. Рукъги гьабун, гьебги буго хьихьун», - илан бицана гьес.

Гьаб цо нух бикьулеб бакIалда ниж Совет Союзалъул герой Сумел Къурбановасул цIаралда бугеб СПКялъул директор Багомаев ТIагьирил машинаялде рахана ва фермаялде рилъана. БакI-бакIалда капустаги, картошкаги, люцернаги бекьарал, къанагIатаб гIурччинлъиги баккарал мучIдузда кваналел гIиядаги гIачияздаги аскIосан, цIад бачIольиялъ ракъварал лъарал чIван, магIарде рахана.

- Ахирисеб кIиябго сон цIакъ ракъдалал, я хасало гIазу гурел, я риидал цIад гурел рукIана. Гьал террасабазухъ ралагье, гьал мугIрул тIараде щвезегIан рекьун рукIунаан. Гьанжейин абуни…, - йилан гIарзагъинев лъугьана ТIагьир.

Щагьранухдасан сухъмахъалде сверигун «электропастухилан» цо сихIираб, гIачиял чияр хурире ричалареб алаталда аскIосан щвана фермаялде. КIкIалал доб цояб рахъалда, Ван Гогил суратазда гIадин, гIарал







тIад гьарураб ргIал гьечIеб харибакI, кьурул хъинсалда бан чIараб тIеренабго хьухь… гIатIилъи ва мугIрул бацIцIадаб гьава! ТIабигIаталъул берцинлъи!

ДандчIвазе рачIана завферма Камил ГIисаев ва доярка Баа Рабаданова. Хадур, Камилил кIудияв вац Улу ГIисаевасулгунги гьабуна лъай-хъвай. Гьал рагIа-ракьан гьечIел хурзал нижер умумузул рукIарал руго ва тIалаб гьабичIого гьел рехон тезе нижеда кIоларилан бицана Улуца. Хьихьун руго гIачиял, гIемер гIиялги рукIун руго. Чанго соналъ цебе чанахъабаз магIарда бацIил рукIун бихизабун буго.

- Гьез тIанчIиги нахъе рачун, киданиги гIияда хъвалареб букIараб бацIица, чанго сордоялда жаниб, 300ялдасаги гIиялъажо лъугIизабуна. Эбеллъидалха, - йилан гIажаиблъиго гьабулеб букIинчIо гьес.

Баа йиго печалда квалквадилей.

- КваначIого нужеца гьаниса гали бахъуларо, - ян абуна гьелъ. Хехго лъугIизеян, нижги журана гьелъие кумекалъе. Хабар-кIалалда картошкаялдасаги ражиялдасаги хъал бахъана, хинкIазе жо хIадурана. БагIарал кIаркьабазул Бааца бицана дояркалъун хIалтIулей 35 сон бугила, лъабго лъималги ругила. КIиго васги цо ясги. Гьелги Россиялда ругила. Цо-цо рокьореги рачIунила, гьаниб хIалтIи гьечIолъиялъ, тIадруссунги унила… Жинца 25 гIака бечIчIулила радалги къасиги, киназдаго цIаралги лъалила, гьел гIачиязда жийги лъалила, батIияв чи аскIове къазе виччаларила.

- Расги бигьаго батиларо, - ян гьелда гурхIун ниж лъугьиндал, гIажаибго нижехъги ялагьун, - захIматаб жо щиб гьениб бугеб? Росулъидалха аб. Пайда щиб, бичизе бакI гьечIолъиялъ, кинабго рахьдал хIан гьабизе ккола, - ян абуна Бааца.

Бицунаго-толаго хинкIалги рахъана… Вехьасул тайпаби.

… МагIарухъ гьава-бакъ хехго хисула – гьабсагIат зодиб цо кIиго хьухь букIана, гьанжейин абуни тIубанго накIкIаз бахчана, гьогьомараб гьуриги пун, ракьалда гIодобнакIкI лъуна. Рокъоре рахъине заман щвана. Амма нижер тIад руссине хьул буго.

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА,**
**Сулгият БУЛГАЕВА**













# НЕРВАБИ ЦIУНЕ!



**«Киналго унтаби нервабаздасайищ?» Гьеле гьеб суал букIуна врачал – неврологазе бищунго гIемер кьолеб. Гьеб суалалъе жавабги кьун жиндирго хIалтIулги унтабазулги, гьезие ратулел гIиллабазулги хIакъалъулъ бицунеб буго тIадегIанаб категорияльул врач – невролог, реабилитолог, «Талги» санаториялъул бальнеологияб отделениялъул заведующая Маржанат ХIажиевалъ.**

Гьелъухъе хIалтIуде, МахIачхъалаялдаса рикIкIада гьечIеб, берцинал щобалгохIаз сверун къараб санаториялде ана дун, гIемерал гIадамазул баркала щолей, тIадегIанаб даражаялъул тохтуралъулгун гара-чIвари гьабизелъун.

Гьениб ккараб дандчIваялдасан бичIчIана дида ракIги гIатIидал хабарги гьуинал гIадамал жеги рукIин. Гьениб кинабго рекъон букIана. РакI рагьарай ва гьайбатай Маржанат Ризвановнаялъ дун жиндирго кабинеталда хинаб гьимигун къабул гьаюна. Церегоялдаса лъалел рукIараб гIадинаб лъугьана асарги.

ГIемерал гуро дандчIвалел врачал ракI унтун ва кIвар кьун гIенеккулел, гьираялда тIаде къабул гьарулел ва гьуинаб хабар бицунел. Гьединал, лъикIал, гIадамазул тIалаб тIоцебесеб бакIалда кколел тохтурал рати унтаразул кIудияб битIккейлъунги рикIкIине бегьула.

Дагъистаналда гIемерал руго, лъайги бажариги бугел, сахлъи цIуниялъул ишалъе гIумруги кьурал, лъикIал тохтурал. Маржанат Ризвановаги йихьарайго ракIалъ йосулей, лъикIал рахьал жиндир гIемер рихьулей, цохIо унтаразул гуреб, сверухъ ругезулги божиги рокьиги бижизабулей гIадан ятана.

Бищунго тIибитIараб, киналго унтаби нерваздаса рукIунин абураб пикруги битIараблъун бихьулин абуна гьелъ. КIикього соналъ МахIачхъалаялъул медучреждениязда хIалтIидал, жий божанила гьелда. Тохтуралъ асар гьабиледухъ ва гIумруялъ кIоченаредухъ бицана жиндирго хIалтIул. Нервабазул система кколеб буго инсанасул къаркъалаялъул аслиязул цояблъун ва гьелъул бухьен букIунеб буго киналго жанисел органазулгунги, киналго бутIабазулгунги. Гьединлъидал кинал рукIаниги гIадлу хвеял нервабазул ккани, гьеб кинабго къаркъалаялда хьинтIулебги буго.

Баянаб жо буго дунялалда щибав щуабилев чи бетIер унтун вукIин. КIиабилеб гIадамазул зигарди гIемераб рахъ буго бохдул-кверазул загIиплъи, къуват дагьлъи, тIубанго яги цо бутIаялъ гьезул функциял чучлъи. Лъабабилеб бакI ккола лугбал агълъи, черхалда «цIунцIраби» рай. Гьединго гIемерал дандчIвалел унтаби руго рукьбузулги ччорбазулги: остеохондрозал, артритал, остеохондрозал ва гIадалнахалъул бидурихьазул гIузраби.

Гара-чIварулаго дирги раккана суалал.

**- Нервазул унтаби тIагIинаризе кIолищ?**

- КIола, амма гьеб буго халатбахъараб, чанго реабилитациялъул курсал гьаризе ккoлеб унти. Гьезие бихьизабула комплексияб, терапиягун физиотерапиялъул курсал, сахлъизариялъул физкультура, ваннаби. Гьеб кинабго дагъистаниязе щвезе рес буго республикаялдаса къватIире инчIого. Инвалидал нижехъе рачIуна гьел киналго курсал гьаризе.

**- Кинха нужехъе санаториялде рачIине бегьулел? Путевка босунищ яги чIобогойищ гьеб букIунеб?**

-Инвалидазул реабилитациялъе, I группаялъе хъулухъ гьабулелгун

цадахъ гьанибе чIобого путевка щола Пенсионияб фондалдасан. Руго кьун гIарацгун рачIунелги ва гьеб гIемерго учузго чIола СевКавМинВодалъул шагьаразде иналдаса. ХIалхьиялда ругезул тIалабал гIемерал рукIуна, гьезде цIикIкIун кIварги кьезе ккола.

- Дун «Талгиялда» 40 соналъ хIалтIулей йиго неврологглъун. ХIалтIана поликлиникабаздаги, медцентраздаги, амма дирго санаторий кидаго рехун течIо. Тохтурлъун хIалтIулеб заманалда гIемерай хьвадана хIалбихьи лъазабиялъул ва махщел камил гьабиялъул курсазде, йикIана Харьковалда, Казаналда, Ростовалда, дарсал кьуна нилъер мединституталда… амма цIияб лъайгун кидаго гIедегIула дирго санаториялде.

**- Мун 40 соналъ цо санаториялда бигьа букIиналъищ хIалтIарай яги перспектива букIунищ?**

– Гуро, – абун елъана Маржанат Ризвановна. – Санаториялда хIалтIун рес гьечIо хъулухъ щвезеги. ГIумруялъго цого ишалда хутIула гьанир. Дун «Талгиялде» ячIана гIолохъанго, мединститутги лъугIизабун. Дие гьаниб бокьана, хасго бацIцIадаб гьава, роцIарал иццал, коллетив. Дунго ккола ГъарабудахIкенталдаса МахIачхъалаялда гIурай гIадан. Хъуй гIемераб щагьаралдаса гьанире щведал батIияб дунялалде ккарал гIадин лъугьуна. «Талгиялда» кIалъа-басайги батIияб, гIодобе биччараб букIуна.

Маржанат Ризвановнаялъ нижее баян гьабуна щай «Талги» Россиялъул Югалда ругел цогидал санаториял гIадин машгьураб гьечIебали.

- Кидаялиго Талгиялъул иццалги дунялалдаго рагIарал рукIана, амма 90 соназда рехун тана ва кIочене лъугьана. Республикаялда чанцIулго букIана, нижерабги жанибе бачун, санаториял-курортал церетIезарилъул проект хIадур гьабиялъул хабар. «Талгиялда» жакъа къабул гьавизе бегьула 300 чи. Араб гIасруялъул 80 абилел соназдайин абуни азарго чиги къабул гьавулев вукIана. Гьаб буго дунялалъулго цохIогояб, гьорлъ сероводородги бугеб, сульфидалъулаб лъеда тIад гIуцIцIараб больнеолечебница, – ян чIухIигун бицана Маржанатица. Гьаниб гIадинаб къадаралда газ гьорлъ бугеб лъел кьулгIа я Кавказалда яги Европалда цоги гьечIо.

Советияб заманалда нижер лечебница рикIкIунаан Севериияб Кавказалда бищунго машгьуразул цояблъун. Гьанжеги руго, нижехъ сах гьарун арал ва даруяб лъелъ чвердезе щибаб соналъ Россиялъул гIемерал регионаздаса рачIунел гIадамал. Гьез абула, гьаниб гIадин кумек жидее кибгIаги ккечIилан.

Нижеца сахлъизарула гIицIго неврологиялъул унтаби гурел цогидалги. Гьанир ругел ваннабазул кумек ккола гинекологиялъул унтабазеги, гIундул, шекъер, мегIер, гьуърул унтаразеги, гIодобе ккезабула бидулъ чакар. Амма руго нижеца сах гьаризе бегьуларел гIузрабиги, мисалалъе, онкология.

Аслияб корпус цIигьабизегIан



нижер букIана нижерго музей. Гьенир нижеца цIунулаан нижехъ сах гьарурал, хIатта костилазда рачIун гьел гьечIого нахъе арал гIадамазул суратал. Музеялда букIана гьез гьанир тарал костылазул «хобги».

**- Цоги кинал специалистал хIалтIулел гьанир пациенталгун?**

- Бокьараб цогидаб санаториялдаго гIадин, пациентасул хал гьабула терапевтасги, кардиологасги, эндокринологасги. Гьел киназго хъвай-хъвагIайги гьабун рачIуна унтарал дихъе ва дир рес букIуна пациентасе рекъон кколел процедураби рихьизаризе. ТIадеги пациентазул консультация гьабула психологас, гьелгун хIалтIула арт-терапевт, нейропсихолог, логопед, иглорефлексотерапевт. Цо-цо процедурабазда хадуб хал ккола врач-физиотерапевтас.

– Сунда бараблъун букIунеб гьанир тIуранго сахлъи – сахлъунгутIи?

– РукIалиде ккезариялъул медицинаялда буго «реабилитациялъулаб заман» абураб бичIчIи. Гьенир гIемерал рахъал рукIуна хIисабалде росизе кколел, сундасаго цебе жибго унти кинаб ва сунда бараб бугебали. Аслияб жо абуни гьениб живго унтарасул божиялдаги хIаракаталдаги бараб буго. Гьединго гьениб иш бараб буго хъизаналда, гIагарлъиялда, гьезул унтарасдехун бугеб балагьиялда ва кьолеб кIваралда. Дица гIемераб хIаракат бахъула унтаразул хIал гIагарлъиялда бичIчIизабизе, гьел божизаризе ва кинаб кумек жидедаса гьесие хIажалъулебали лъазабизе.

**–Дурго хъизан-лъималазулги бицеха…**

– Кидаго цоцаздаги ричIчIулеб, лъикIаб хъизан буго дир. Рос Казихан хвезегIан цIакъго талихIаб гIумру букIана. Гьев вукIана ракIбацIцIадав чи. Гьарабудахкенталда судиявлъун хIалтIана. Нагагьаб балагьалдалъун, ралъдалъ гьанкъулей чIужугIадан хвасар гьаюлаго, хвана. Васал нижер лъикIаб яшавалда руго. КIудияв, дир нухдасан арав васасул хIакъалъулъ нужер журналалда цодагьаб цебегIан макъала букIана, - ян гьимана Маржанат Ризвановна. Гьев ккола профессор, Санкт – Петербургалъул тIоцебесеб медуниверситеталъул урологиялъул отделениялъул нухмалъулев. ГьитIинавги Питералда МВДялда офицерасул чиналда вуго. Гьоркьохъев вас МахIачхъалаялъул цо районалъул администрациялда хIалтIулев вуго. Васаз дие сайгъат гьаруна микьгоял сибтIал. Дун ккола талихIай кIодоэбел!

**– Ахиралдаги щибилан дуца абилеб ва малъилеб цIалдолезда?**

– Нужгоги цIуне, нервабиги хвезе риччаге! Гьел цIилъуларилан абула. Гьеб тIубан битIарабги гьечIо. Гьел цIилъула, амма гIемераб гIакъубаги бихьун. Хал ккве нужерго сахлъиялда хадуб, рахIат гьабе! Киназего гьарула щулияб сахлъи! – ян лъугIизе тана лъикIай специалист, берцинай чIужугIадан, Маржанат ХIажиеваль. Диеги лъикIаб асар гьабуна гьелъул рекIел хинлъиялъ ва лъикIаб настроениялъ.

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# ДИР ГIУМРУГИ КЕЧIГИ КИДАГО ЦАДАХЪ



**Жакъа журналалъухъ гьоболлъухъ йиго, цо нухалъ рагIун хадуб кIочон тезе кIолареб гьаракьалъул, Дагъистаналъул халкъияй артист, машгьурай магIарул кIочIохъан Хадижат Жамалудинова.**
**Дагъистанияз Хадижат рикIкIуна унго-унгоги хIикматай кIочIохъанлъун, жиндир гIажаибаб гьаракь гуребги, берцинлъиги, гIадан нахъгIунтIулареб недегьлъиги, свак гьечIеб хIалтIиги. Хадижат йиго, гIумрудул къисмат бигьаяб букIинчIониги, кидаго гIадамасда гьимун гурони кIалъаларей, гIадатияй магIарулай. Миллаталъухъ балагьичIого, киналго дагъистаниязе йокьула Хадижатги гьелъул творчествоги.**

**– МагIарул халкъияб кечI «Бахтикахъ» гIенеккун йикIана, сири базабуна. ХIал гьабун росасе кьолей ханзабазул яс Бахтикал рекIел хIалги хьулкъотIиги гIажаибго асар гьабуледухъ кьолеб бугоха дуца гIенеккаразухъе…**

– Щибаб кечI рекIелъан биччала дица ва дунгоги йикIуна гьениб ахIулеб бугелда гъорлъ.

**– Мун школаладаго йикIун ятула цIвалъун.**

– ЙикIинчIо. Киназдасаго йорхатай ва габур халатай йикIиналъ, берцинайлъунцин рикIкIунароан. Школа лъугIун хадуб, кIудияй гIедал бичIчIана йорхалъи, гIунгутIи гуреб, гьелъул гIаксалда, лъикIаб рахъ букIин. КечI гьитIингоялдаса ахIулаан. Яцазухъги гIенеккун – гьезул киназулго рукIана цIакъ берцинал гьаркьал – гьез ахIа-ахIараб кечI ахIулаан, ракIалдаги чIолаан. Цо нухалъ Авартеатралда хIалтIулев инсул гьудуласда нижер доба кIочон тана аргъан. Яцалда чанго къоялде лъана гьеб бачине, дун гьелъул килщазухъ ялагьун йикIунаан. Гьедин дидаги лъана.

Школа лъугIигун дида ракIалда букIана кечI-бакъаналдаго хурхинчIеб бакIалде цIализе лъугьине. Шагьаралда гьение унаго нухда бихьана «Музыкалияб училище» йилан хъвараб бакI. ГьебсагIат автобусалдаса къватIиеги кIанцIун, екерана гьение документал кьезе. Лъугьана!

**– Эбел-инсуца щибиланха абураб?**

– Эбел-инсуда дун лъикI лъалаан ва гьез дир рахъ ккуна. ЦIализеги дие цIакъ бокьана. Гьеб заманаялъго ахIана Авартеатралде «МугIрузул ГIали» спектаклялда Задал роль хIазеги.

Гьедин йикIана: цIали, хIалтIи, кучIдул…

Цо къоялъ дунги дир гьудулзабиги ахIана Мединституталде, ЦIияб соналъул вечералде – гьенив дандчIвана дир тIоцIебесеб рокьиги. Ворхатав, чорхолъ рекъарав Иорданиялдаса гIолохъанчияс кIвар буссинабуна диде…

Ниж данделъана ва анкьго талихIаб сон тIамуна дица Иорданиялда. Васги гьавуна, кинабгоги лъикI букIана… ЦохIо ВатIанги эбел-эменги рикIкIад рукIиналъ, рекIее рахIат букIинчIо. Цо нухалъ ячIана Дагъистаналде ва тIокIай тIадюссине бокьичIо.

Иорданиялда йигей заманаялъ, росгун цадахъ, дунялалъул гIемераб бакIазде щвана ниж. Рихьана гIарабазул хIукуматалги Европаги. Дие кидаго интерес букIунаан кин гьенир концертал, фестивалал, кIудиял тадбирал тIоритIулелали. Гьеб киналъго кумек гьабуна дие Дагъистаналда, гьанир кидаго рукIинчIел гIадал концертал тIоритIизе…. Гьел рукIана унго-унгоял шоу-программаби.

**– Дуда мунго машгьурай чIужу йикIин кида бичIчIараб?**

– Дида гьеб жеги бичIчIичIо, щиб кIварги гьелъул бугеб?

**– ГИТИСалде лъугьине гIиллалъун щиб ккараб?**

– Дида цебегоялдаса бичIчIулеб букIана къучIчIаб цIали гьечIого дун тIубаларейлъи. Театралияб искусствоялъул Пачалихъияб институталъул режиссеразул факультетги лъугIун, Дагъистаналде тIадюссиндал, дие данде кколеб хIалтIи гьаниб батичIо. ХIалтIияли бигьаяб жойин, рос ватизе букIине буго проблемаян махсараби гьарулел рукIана дие гьудулзаби. ХIакъикъаталдаги, рос ватизего бигьаяб букIун буго, хIалтIиялдаса. Дун зигардулей гуро. Дир кинабго лъикI буго, кочIохъан хIисабалда хIалтIи гьечIогоги дун хутIуларо. (Елъулаго) Гьеб нилъеего рагIи.

– **Бищунго бокьулеб иш-пиша?**

– Пишайиланги гьелда абизе бегьиларо, бищунго бокьула, балеб цIадакь, биччан музыкагун, шагьранухдасан машина хьамизе.

– **Чан сон бугеб мун машинаялъул рулалда нахъа гIодой чIаралдаса?**

– Анкьго сон. Гьелъ дие кьолеб лазат. Дица диего бокьулеб иш гьабизего гьабуларо.

– **Бокьун гьабулеб ишалъльидалха хIасилги кьолеб. ТIубачIеб анищ бугищ?**

- Кинал анищал рукIунел, сверун цоял унтулел, цоял холел, ракI унтулеб ахIвал-хIал бугеб мехалъ. Чанги лъалев чи ана абадияб рокъоре… Мунагьал чураги гьезул. РахIаталда гIумру гьабизе рес щвей гуреб анищ гьечIо гьанже. Анищал гьаб пандемия тIаса арабго гьарила.

– **Эркенаб заман кин дуца тIамулеб?**

– Дие цIакъ бокьула гьудулзабигун хIухьбахъиялъе ральдахъе, тIабигIаталде ине, цIиял кучIдузе бакънал ралагьизе… Бищунго кIудияб рохелги хIухьбахъиги буго Питералда гIумру гьабун вугев васгун дандчIвай. ГIемерал руго дунялалда рекIее хIалхьи кьолел бакIал. АлхIамдулиллагь.

– **Киназдаго мун лъала фонограммаги гьечIого, дурго гьаркьидалъун, махщалида кечI ахIулей кочIохъанлъун. Фонограммагун ахIани дуе бигьаяб букIунарищ?**

– Фонограмма берталъ бичIчIулаха. Концерталда фонограмма буго гIенеккизе рачIаразул адаб гьечIолъи. Гьев, босун билетгун, чIагояб кочIохъ гIенеккизе вачIун вуго. Записалъухъ гьесда рокъобги бажарула гIенеккун. Цойги, дие кочIохъанасда сверун кьурдухъабиги рокьуларо, цере диргоги рукIунел рукIаниги. Дие бокьула артистас, жиндирго махщалидалъун, берцинаб гьаркьидалъун гIенеккарал пана гьаризе. Дицагоги хIаракат бахъула гьединайлъун йикIине.

– **Бицуна, цо кIечIалда тIад хIалтIулаго, дуца, гьеб камиллъизегIан, дуегоги цадахъ хIалтIулезеги хIалхьи толарилан. Гьелъ батилаха, щибаб дур кочIоца спектаклялъухъ ралагьараб гIадаб асар гьабулеб.**

– Гьеб кинабго буго дир зритеялздехун бугеб рокьиги адабги. БатIияб къагIидаялъ дихъа бажаруларо, бокьизеги бокьуларо.

– **Хадижат Жамалудиноваль бокьа-бокьараб кечI ахIуларилан абула гIадамаз. Кин дуца репертуар тIаса бищулеб? Вугищ дур бищун вокьулев автор, композитор?**

– ХIакъикъаталдаги дица кIудияб кIвар кьола дицаго ахIулел кучIдузде. Дие рокьула халкъиял, Расул ХIамазатовасул, ГIадалол, Залму Батировалъул, Залпа МухIамадрасуловалъул, Залму МухIамадовалъул ва цогидалги кучIдул.

– **Дида лъалеб бакIалдаса гIебеде, дур творчествоялда жаниб Расул ХIамзатовас ккола хасаб бакI…**

– БатIияб къагIидаялъ букIине ресги гьечIо. Дица гьесул рагIабазда ахIула гIемерал кучIдул. ЕццаричIого чIезе кIоларо, руго хас гьарун кIудияв шагIирас дица ахIизе хьварал кучIдулги! КIудияб баркала буго Расул ХIамзатовасе цадахъаб творческияб хIалтIухъ, лъикIал кучIдузухъ, жиндир пагьму-гьунаралъул ва гIакълуялъул ральдахъе йиччаралъухъ.

– **Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ бахъараб документалияб фильмалда дуца гьесул эбелалъул роль хIалеб буго…**

– Гьеб букIана цIакъ интересаб хIалбихьи. Гьеб фильмалъул режиссер Мурад Ибрагьимбековас дун гьение ахIана гIицIго Авартеатралда цее дандчIварайго. Ниж цоцаздацин лъалароан. Къисмат.

– **Бицеха гьениб ккараб-тараб яги гIумруялдаса интересаб лъугьа-бахьин…**

– Гьеб захIматаб суал буго! Дир кинабго гIумру буго интересаб, гьениса цо щиб букIаниги батIаго бицине бажарулеб жо гуро. ЦIакъго интересаб дица мемуаразе нахъе цIунун буго, щиб лъалеб, гьезде регIараб заманги бачIине бегьулельул...

ЧIужугIаданалъул ракI – рагIаракьан гьечIеб океан. Гьелда жаниб сундуего: рокьуеги, гурхIел-рахIмуялъеги, божилъиялъеги, хьулазеги… гьездаго цадахъ пахрулъиялъеги, гIисинал руччабазул сихIирлъабазеги, машина хьамизабизе бокьиялъегицин бакI батула…

**Гара-чIвари гьабуна**
**Баху МУХIИДИНОВАЛЪ**


**Женщина Дагестана**
**6/2021**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Министерство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 18.10.2021.
Подписано в печать 15.11.2021.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0007. Тираж (3393) 561 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Эльмира Далгат – доктор исторических наук, профессор, заведующая отделом новой и новейшей истории Дагестана Института истории, археологии и этнографии ДФИЦ РАН.



# 2022

## ЯНВАРЬ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |

## ФЕВРАЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## МАРТ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## АПРЕЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | |

## МАЙ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

## ИЮНЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

## ИЮЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## АВГУСТ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## СЕНТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## ОКТЯБРЬ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |

## НОЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## ДЕКАБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

ИНДЕКС ПМ803

6+



Подписка в почтовых отделениях "Почта России":

на год – 306,24 руб.; на 6 мес. – 153,12 руб.

В киосках «Дагпечати»:

на год – 252 руб.; на 6 мес. – 126 руб.

Самовывоз через редакцию:

на год – 180 р.; на 6 мес. – 90 р.

4 651116 280082